ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘ’МЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

О.Торебаев, С.Ибрагимова, А.Шамуратова

# БАЗАР ЭКОНОМИКАСЫ ТЕОРИЯСЫ ҲӘМ ӘМЕЛИЯТЫ

(талабардың өз бетинше жумысларды орынлаўы ушын методикалық қолланба)

суўрет

НӨКИС-2012

**Дузиўшилер: О.Торебаев, С. Ибрагимова, А.Шамуратова**

Бул методикалық қолланба «Базар экономикасы теориясыи ҳәм әмелияты» пәнинен пединституттың «География ҳәм экономикалық билим тийкарлары» қәнийгелиги талабалары теориялық алған билимлерин өз бетинше өзлестирип, беккемлеў ҳәм толықтырыў ушын жәрдемши қурал ретинде усынылады.

**Бунда:** Базардың мәниси ҳәм ўазыйпалары; Талап ҳәм усыныс нызамы; Талап ҳәм усыныстың өз - ара ҳәрекети; Товар, қун ҳәм пул теориялары; Қун теориясының тийкарғы бағдарлары; Пулдың келип шығыўы, мазмуны ҳәм ўазыйпалары; Мийнет базары. Жумыссызлық ҳаққында кеңнен тусиниклер берилген.

Сондай-ақ қолланбадан, кәсип - өнер колледжлери экономика пәни оқытыўшылары ушын да методикалық жәрдем есапланады.

## Ж у ў а п л ы   р е д а к т о р

**Қ.Убайдуллаев** - Қарақалпақ мәмлекетлик университети Экономика факультетиниң профессоры, экономика илимлериниң докторы.

## П и к и р   б и л д и р и ў ш и л е р:

1. **А.А. Торебеков -** Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты География ҳәм экономикалық билим тийкарлары кафедрасының доценти, экономика илимлериниң кандидаты.
2. **Ө.Т. Бердиев** - Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Жәмийетлика пәнлер кафедрасының доценти, экономика илимлериниң кандидаты.

# К и р и с и ў

Базар экономикасына өтиў қурамалы узақ даўам етиўши улыўма инсаныйлық қубылыс. Базар экономикасы адамзат цивилизациясының ең улкен жетискенликлериниң бири болып, раўажланған мәмлекетлер экономикалық системаларының нәтийжели ислеўин тәмийинлеўши, жуз мыңлап кәрханалар ҳәм миллионлап адамлар жумысларын пайда етиўши ҳәм экономикалық өсиўди тәмийинлеўши қурал.

Базар экономикасына өтиў XX әсирге тән болған глобаллық машқала есапланады. Базар экономикасына өтиў адамлардың қәлеўи емес, объектив зәрурлик. Себеби, базар қатнасықлары экономиканың кушли раўажланыўын тәмийинлеўши уш кушти жузеге келтиреди.

Олар:

- **бириншиден,** економикалық хызмет еркинлиги**,**

- **екиншиден,** бәсеки гуреси**,**

- **ушиншиден,** дәраматлардың жоқарыдан шексизлиги.

Батыс экспертлериниң дәлиллеўинше, 1993-жылдың нәтийжелери ҳәм кейинги жылларда раўажланыў имканиятларын есапқа алып, экономиканың нәтийжелиги он баллық системада баҳаланғанда турли мәмлекетлер экономикалық раўажланыўы бойынша төмендегише көрсеткишке ийе болған: **Сингапур-10 балл, Япония - 9.4 балл, Тайван, Гонконг ҳә м АҚШ -9.1 балл, Канада-9, Қазақстан-2.7, Украина-2.3, Россия-2.2, Туркменстан-1.2, Тәжикстан-1.1 балл** ҳ.т.б. төмен балларды топлаған.

Дунья тәжирийбеси дәлиллеп көрсеткениндей, базар системасы тийкарында раўажланып келген мәмлекетлер өзлериниң раўажланыў дәрежелери бойынша алдыңғы орынларды ийелесе, жобалы системада раўажланып келген мәмлекетлер кейинги орынларды ийелеп келген. Сонлықтан да, ғәрезсизликке ерискен мәмлекетлер өз раўажланыў жолында базар экономикасына бағдар алып, өзлериниң өтиў концепцияларын ислеп шығарады ҳәм өз жолын таңлап алады. Базар экономикасына өтиў узақ дәўирди талап етеди.

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигин қолға киргизгеннен соң, демократиялық, инсаныйлық, ҳуқықый жәмийет қурыў жолында базар экономикасына

өтиўди мақсет етти ҳәм бул жолда өзине тән өзгешеликлерди есапқа алып, базарға басқышпа - басқыш өтиўди таңлап алды.

**Базар реформалары - бул халықтың қатнасыўында, мәмлекет тәрепинен ислеп шығ арылған, базар қатнасықларын қәлиплестириўге қаратылған илажлардың мәмлекет қадағалаўында әмелге асырылыўы болып табылады.** Реформаларды өткериўден алдын базар экономикасына өтиў концепциясы, яғный теориялық модели дөретиледи. Бул концепцияда жаңа экономикаға өтиўдиң улыўмалық тәреплери, миллий өзгешеликлери көрсетиледи ҳәм реформалардың тийкарғы бағдарлары белгиленеди.

Өзбекстан Республикасында экономикалық реформаларды (базар реформаларын) әмелге асырыўдың тийкарғы бағдарлары төмендегилерден ибарат:

- ❖ меншик қатнасықлары реформасы.
- ❖ аграр реформа.
- ❖ финанс - кредит системасының реформасы.
- ❖ басқарыў системасын реформалаў ҳәм базар инфраструктурасын жаратыў.
- ❖ сыртқы экономикалық байланыслар реформасы.
- ❖ социаллық реформалар.

Бул реформалардың избе - излиги, өткериў усыллары ҳәм муддетлери ҳәр қыйлы болады. Бирақ реформалардың экономиканың барлық тәреплерине тийисли болыўы, олардың экономикалық қатнасықларда тереӊ өзгерис жасаў зәрурлиги базар реформаларының улыўмалық шәрти есапланады. Базар реформалары комплексли характерде болып, олар экономиканың барлық тараўларында өткериледи.

Өзбекстанда экономикалық реформалар экономиканың барлық тармақларында басқышпа - басқыш әмелге асырылып атыр. Реформалардың биринши басқышында киши меншиклестириў процесси өткерилип, меншиктиң ҳәр қыйлы формаларына тийкарланған көп укладлы экономика тийкарлары дузилди, сондай-ақ базар инфраструктурасының бир қатар елементлери қәлиплестирилди. Нәтийжеде экономикада бир - бири менен еркин бәсеки гуресине тусетуғын дәслепки хожалық субъектлери ҳәрекет ете баслады. Көплеген мәмлекетлик мулк объект-

лери конкурс тийкарында аукционда сатылып, меншиктиң  басқа формаларына өткерилди. Ал, реформаларды екинши басқышында меншиклестириў процесси даўам етип, ири меншиклестириў ҳәм акционерлестириў процесси өткерилип атыр. Дәслеп жабық турдеги, соңынан ашық турдеги акционерлик жәмийетлер дузилди. Бул жумыслар менен шуғылланыўшы дәслеп мулк комитети, соңынан бизнес орайлары шөлкемлестирилди.

# БАП - I

## БАЗАРДЫҢ МӘНИСИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

### 1.1. Базар тусиниги, мәниси ҳәм этикасы

Базар тусиниги социаллық ислеп шығарыў раўажланыўы менен байланыслы ҳалда бир неше рет ҳәм ҳәр тәреплеме өзгерип турған. Базар экономикасы қурамының тийкарғы белгиси сыпатында базар пайда болады. Базар қатнасықлары, раўажланыў дәрежеси, модификациясының өзгешелиги, пухталық дәрежеси, тарыйхый, социаллық ҳәм басқа көринислери бойынша бир - биринен парық қылады.

«Базар» Америка, Батыс Европа ҳәм Япония турғынлары ушын турлише мәнис береди. Бул тәбийий, Америка базар экономикасы – «классик исбилерменликке», Франция - «мәмлекет басқарыўына», Батыс Германия - «социаллық базар хожалығына» тийкарланған.

Дәслеп базарға майдан, саўда жургизиўши (өткизиўши) орын сыпатында қаралған. Бул экономикалық категория бәрқулла дәўирлик мәнис алған ҳалда беккемлесип барған.

В.И. Дал ҳәм С.И. Ожеговлардиң берген анықламаларында базар мәниси - **майда саўда жайы ҳәм өним алмастырыў тараўы сыпатында келтирилген**.

Илимий әдебиятларда ҳәр қыйлы көринисте базар тәриплери де ушырасады:

1. Өндирилген өним яки хызметти сатыўшы ҳәм қарыйдарды бирлестириўши турли механизм.

2. Адамлар арасындағы хожалық қатнасиқларды өнимлер ҳәм буйымлар менен қатнас сыпатында қалиплестиретуғын экономикалық хызметти шөлкемлестириў усылы.

3. Өним - ислеп шығарыўшылар ҳәм тутыныўшыларды өз - ара байланыстырып турыўшы мәмлекет ишинде ҳәмде мәмлекет аралық алмасыў тараўы.

4. Пул ислетиўге ҳәм экономикалық машқалаларды нәтийжели шешиўди тәмийинлениўшиге тийкарланған өним ҳәм хызметлердиң алмасыў қатнасықлары системасы.

5. Ислеп шығарыўшылардың бәсеки гуреси тийкарында товар, хызмет сатыўдағы алмасыў процессинде келип шығыўшы экономикалық қатнасықлардың жәмлестирилгени.

Базар қатнасықларының  мазмуны таярлаўшы ҳәм сатыўшылардың шығынларын қаплаў ҳәм пайда алыў, сондай-ақ, қарыйдарлардың  төлеў қәбилетине ийе болған талапларын өз - ара келисиў, теңсалмақлы баҳалылық ҳәм бәсекилик тийкарында қандырыўға барып тиреледи. (Төменде берилген 1-схемаға қараң ).




1-схема.

Схемада берилгенлердиң  экономикалық мәнислери төмендегише:

**Хабар** - базар баҳалар арқалы өзиндеги товар ҳәм хызметлердиң  талап ҳәм хызметлердиң, талап ҳәм усынысларды теңбе - теңлиги туўралы хабар (мағлыўмат) береди.

**Қурылмашылық** - ол қатнас субъектлерин өз хызметлери нәтийжелери менен өз - ара алмасыў ушын байланыстырады.

**Баҳа пайда етиўши** - базар қарыйдар төлеўге разы болған товар баҳасын көрсетеди, себеби ол тек жәмийет ушын зәрур шығынларды тән алады.

**Басқарыў** - базар экономикасының барлық тараўларына ҳәм дәслеп ислеп шығарыўға тәсир көрсетип, **Нени? Қандай?** ҳәм **Ким ушын ислеп шығарыў керек?** деген сораўға жуўап береди.

**Тазалаўшылық** - ўазыйпасы соннан ибарат, базар – қатты қол система, ол бәсеки жәрдеминде ислеп шығарыўды экономикалық жақтан мунәсипсизлик таярлаўшылардан тазалағы және де жылдам, шаққан ҳәм нәтийжели таярлаўшыларға өтиўине жол ашады.

Базардың барлық нәрсеге қудирети жетпесе де, экономиканың тийкарғы машқалаларын шешиўге жәрдем береди, булар: турмыс дәрежеси, товар ҳәм хызмет сыпаты, ислеп шығарыўшының қурамы ҳәм нәтийжелилиги, инвестиялық активлик, жаңалықларға исенген активликтиң нәтийжеси сыпатындағы пайдалылық болып есапланады.

Базардың әҳмийети оның раўажланыўының улкен утысларына байланыслы, бирақ оның келип шығыўы реформаның жеңиси емес, бәлки узақ даўам еткен тарыйхый раўажланыўының нәтийжеси.

## 1.2. Базардың ислеўи

«**Базардың ислеўи**» деген тусиник, базар өз - ара пайдалы саўданы шөлкемлестириў ўазыйпасын турмыс дәрежесинде әмелге асырылып атырғанын көрсетеди. Негизинде базар орынланған өз - ара пайдалы питимлерди әмелге асырыў ушын имканият жаратыў керек. Бундай жағдайда базар жоқары нәтийже менен ислеп атыр делинеди.

Базар ислеўиниң нәтийжелилиги талап ҳам усыныстың теңлигинде қәлиплеседи ҳәм қарыйдар ҳәмде сатыўшының тилеклерин қанаатландырыўшы товар ҳәм хызмет теңсалмақлы баҳаның жузеге келиўи менен көринеди.

Базар табыслы ислеўи шәртлери төмендегилерде көринеди:

**I. Экономикалық:**

а) хожалық қарарларын қабыл етиўге еркинлик;

б) хожалық хызметиниң нәтийжелери ушын жуўапкершилик;

в) товар ислеп шығарыўшылар ортасындағы бәсеки;

г) баҳа пайда болыў еркинлиги;

д) капитал, товар ҳәм жумыс кушиниң  көшип журиўиндеги шеклениўлердиң жоқлығы.

II**. Сиясий:**

а) демократия;

б) сиясий система турақлылығы;

в) базар қатнасықларының  ҳуқықый қорғалыўы.

**III. Жасырын:**

а) адамлардың  базар қатнасықларына руўхый таярланғанлығы;

б) адамлардың  руўхый карасларының  жоқары дәрежелилиги;

в) адамлардың  базар ис - ҳәрекетлери моделиниң  дузилиўи.

Базар «**муўапықсызлығы**» себеплери»:

1. Сыртқы көриниўшең, мәселен қоршаған орталықтың  патасланыўы;

2. Жасырын себеплер: бунда базар қатнасыўшылары Адам Смиттиң «**көринбес көл**» ҳуждан ҳәм қабыл етилген дурыс қағыйдаларға қарамай, «**турпайы нызамлары**» бойынша, тек ғана өз мәплери жолында ҳәрекет етеди;

3. Монополия, өзиниң ислеп шығарыўшысының хукимдарлығы менен баҳаларды көтериў арқалы, базарда товар ҳәм хызметлер қытшылығын келтирип шығарады.

Өзбекстан экономикасының  базар қатнасықларына өтиў дәўириниң  биринши басқышының  ең тийкарғы ўазыйпаларынан бири экономикалық қыйыншылықты жеңип өтиў, финанслық турақлылыққа ерисиў. Бизиң халқымыз бул ўазыйпаны жетискенликлер менен орынлады: ислеп шығарыўдағы зурәәттиң төменлеўи тоқтатылды, бюджет ҳәм пул айналысы турақласты, инфляция дәрежеси кескин тусиўиниң алдын алды.

Республикамыздағы мәмлекеттиң турақластырылыўы сиясатының жетискенликлери анық көринип турыпты. **Ислам Каримовтиң «Өзбекстан экономикалық реформаларын тереңлестириў жолында»** китабында Өзбекстанның базар қатнасықларына өтиў дәўириниң екинши басқышындағы макроэкономикалық дәрежедеги турақластырылыў сиясатының  жөнелислери де көрсетилип берилди. Оларға төмендегилер киреди:

1. Қатты бюджет сиясаты;

2. Кәрханалардың финанслық мутәжлигин тәмийинлеў, төлеўсизликтиң кери ақыбетлерин тоқтатыў;

3. Банк - кредит системасы, пул айналысын беккемлеў, валюта қатнасықларын тәртипке салыў. Бунда Ислам Каримов соны тастыйықлайды, микроэкономикалық турақлылық - бирден - бир мақсет емес, бул экономиканы жанландырыў, оны дузилисин туп - тийкарынан өзгертиўдиң тийкарғы шәрти екенлигин.

## 1.3. Ҳәрекеттеги базардың тийкарғы параметрлери

**Ҳәрекеттеги базардың тийкарғы параметрлери –** бул талап, усыныс ҳәм баҳа есапланады. Олардың өз - ара ҳәрекетиниң нәтийжеси кейинги көрсеткиш, яғный пайда да көринеди.

**Базар белгилери:**

- басқарылмайтуғын талап (қарыйдарлар өзлериниң мутәжлик ҳәм төлеў қәбилетлеринен келип шығып, нени?, қанша сатып шығыў, нени қанша сатып алыўды шешеди);
- басқарылмайтуғын усыныс (таярлаўшылар бар ресурсларға сүўенип ҳәм пайдалылық дәлиллерине таянып қандай товарларды қандай муғдарда ислеп шығарыўды) ғәрезсиз (еркин) шешеди;
- талап ҳәм усынысты теңсалмақластырыўшы еркин баҳа қарыйдарлар ҳәм сатыўшилар ушын питим факторы болып, өз - ара пайдалы хызмет етеди, кери жағдайда алмасыў иске аспайды;
- ислеп шығарыў ҳәм өним сатыўдағы бәсеки.

Базар механизминде универсал характердеги еки объектив экономикалық нызам әмел қылады:

1. Орташа баҳаларды қәлиплестириўши баҳа нызамы.

2. Базардағы келип шығыўшы пул ҳәм товар айналыслары теңбе - теңлигин анықластырыўшы талап ҳәм усыныс нызамы:

а) Талап муғдарының товар баҳасына кери байланыслылығы талап нызамы деп айтылады.

б) Усыныс муғдарының товар баҳасына туўры байланыслылығы усыныс нызамы деп айтылады.

Қолланыў тараўы, жайласыў жағдайларына қарай базар 3 турли болады:

1. Экономикалық раўажланған мәмлекетлер базарларын өз ишине алған дунья базары. Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен баслап, жаҳан жәмийетине жетискенлик пенен қатнасып киятыр ҳәм дунья базарына шықпақта.

- Дунья базарының бир тури - регион базарлар (мысалы, Орта Азия базары, Батыс Европа базары ҳәм т.б.).
- **Миллий базар** – белгили бир мәмлекеттиң ишки базары есапланады (мысалы, Өзбекстан миллий базары, Япония миллий базары ҳәм т.б.).
- Қала ямаса аўыллық, яғный жергиликли базар (Нөкис базары, Хожели базары, Ташкент базары, Самарқанд базары, Ургенш базары, Лондон базары базары ҳәм басқалар).

Ислеў қызығыўшылығына қарай базарлар төмендегише бөлинеди:

- товарлардың тийкарғы көлеми сатылатуғын базар;
- сатылып атырған товарлардың тийкарғы көлеми бөлегин қаплайтуғын қосымша базар;
- буйымларды сатыў ушын му мкиншилиги болмаған нәтийжесиз базар;
- белгили шараятларда саўда ушын мумкиншилиги болған потенциал базар;
- саўда операциялары турақлы, бирақ белгили шараятларда активлик тәре-пинен өсиў имканы болған қатлам базар.

Улги болыў алмасыў суб’екти туринен усыныс талаптан асатуғын, қарыйдар базары ҳәм талап усыныстан асатуғын сатыўшы базары парық қылады.

Я товарлар сыпаты, я сервис хызмети турысында бул жерде сөз болыўы да мумкин емес. Бул жерде саўда «**Берилгенин ал**» принципинде алып барылады.

Товарлар менен толыў дәрежесине көре базарлар теңсалмақлы, мутәжликтен артық болады. Әмелдеги нызамшылыққа сәйкеслиги бойынша легал ҳәм нолегал («**қара**») базарға бөлинеди. Саўда характерине көре базарлар улкен ҳәм кишкене базарларға бөлинеди. Олар төмендеги кестеде берилген.

*2-кесте*




2. Ислеп шығарыў яки жеке пайдаланыў ушын мөлшерленген азық - аўқат ҳәм санаат товарлары сатылатуғын товар базарлары.

Жақын ўақытқа шекем мәмлекетимизде ол мәмлекет ҳәм кооператив саўдасы, колхоз базарлары ҳәм жеке, семья ҳәм жеке саўда, майда кәрханалардан ибарат еди. Тутыныўшылық базарын раўажландырылмаса, алмасыў қатнасықларының жәмәәтшилик әҳмийети жоғалады. Халықтың тәмийинленгенлиги - тутыныў дәрежеси, пул айналысының турақлылығы, адамлар өмириниң сыпаты, оның аўҳалына байланыслы.

Өзбекстанның базар қатнасықларына өтиў дәўиринде тутыныў базары, баҳа ҳәм усыныс нызамлары тийкарында жасаўшы еркин базарға айналды. Бизиң мәмлекетимизде саўда, улыўма аўқатланыў объектлериниң меншиклестирилиўи, еркин қойылғанлығы, еркин тутыниў базарын шөлкемлестириў ушын шараят болып хызмет қылады, таярлаўшылардың курылма турлери тарқалады.

3. Базардың раўажланыўы дәрежеси халық ҳәм кәрханалардың хызметлери ўақтын парўанлығы менен белгилейди. Хызмет базарында мийнет хызметиниң төмендеги турлери усыныс етеди:

- хызмет көрсетиў;
- коммунал;
- транспорт;
- туристлик;

- мәдений;
- тәлим;
- хабар ҳәм тағы басқа.

Буйрықпазлыққа тийкарланған экономика дәўиринде хызмет көрсетиў, коммунал ҳәм тағы басқа хызметлердиң «**қара**» базары бар болып, кейинирек олар тек ғана легалластырылып қойылды. Базар қатнасықларына өтиў басқа хызмет турлериниң раўажланыўына туртки береди. **Мәселен**, соңғы жыллары пайда болған жаңа турдеги мектеплер тәлим хызметлериниң базарға кирип келиўлери болып табылады.

4. Базар технологиясы көз - қарасында турақ - жай, товар, көшпес мулк базарының келип шығыўы тәбийий жағдай. Турақ - жай, товар, көшпес мулк базарының объекти есапланады. Оны ислетиўдиң шәрти болып, Өзбекстанның базарға өтиў дәўириниң биринши басқышында өткизилген турақ-жайларды ийелерине меншиклестириўде хызмет етеди.

Мәмлекет актив социаллық сиясат жургизер екен, бунда ол кем тәмийинленген семьялар ушын турақ - жай қурып, оның иске тусирилиўи муддетин де белгилейди. Халықтың экономикалық актив қатламына турақ - жай сатып алыў яки қурыў ушын жеңилликлер туринде ссуда кредит береди.

Турақ - жай базары басқа жайларға көшиў, алмастырыўды әпиўайыластырады, соның менен жумысшы куши базарының ислеўи ушын шараят жаратады, оны миграция ушын ҳәрекетшең қылып қояды.

Жумысшы куши базарын мийнет базары деп атайды. Айырым экономист - илимпазлар биринши тәриплемени анық деп тастыйықлайды, себеби мийнет өзинше баҳаға ийе емес, баҳаға жумыс куши, жумысшының мийнетке қәбылети ийе болады.

Жалланба жумысшы (исши) жаллаўшыға өз товары – ис кушин белгили бир төлеўге сатады. Базар экономикасында жумысқа қабыл етиўде еки тәрептиң ҳуқық ҳәм миннетлемелери, ис ҳақы көлеми көрсетилген шәртнама системасы қолланылады.

4. Инвестиция базарында пул базарының турлеринен қатнас объекти деп төмендеги жөнелислер инвестиция етилген келеси капитал қойылмалар есапланады:

- техникалық қайта қуралланыў яки жаңаланыў тийкарғы фондлар актив бөлегин заманогойлестириў, ислеп шығарылып атырған буйымлардың бәсекилесиўге уқыплығын асырыў ушын фирмалар техникалық қуўатын арттырады;
- реконструкция тәрепинен жаңа буйымлар шығарыў ушын техникалық процесин жаңалаў менен байланыслы ислеп шығарыўды толықлығына қайта пайда етиў яки ислеп шығарыўды қайта экономикалық тәмийинлеў анықланадыи;
- ислеп шығарыўды кең ейттириў жаңа цехлар қурыў, шығарылып атырған өним көлеминнниң өсиўи ушын жаңа кушлерди иске салыў, бул ускенелерди модификациялаў менен байланыслы ҳалда алып барылады;
- жаңа қурылыс көбирек кән санааты тараўы ушын сай болған қайта ислеўши тараўларда жаңа пайда етилген фирманың қурылыўының бәсекилес болған тәрепинен жаңа өнимлердиң шығарылыўын нәзерде тутады.

**Инвестиция дереклерикелесилерден ибарат:**

- Исбилерменлердиң жеке айналыс қаржылары;
- Фирманың пайдасы;
- Банк кредитлери ҳәм фирманың қымбат баҳа қағазлары көринисиндеги қарыз қәрежетлери;
- Басқа инвесторлардың жиберген қаржылары, соннан, валюта көринисиндеги сырт ел қаржылары;
- Өмирлик әҳмийетли (керекли) объектлердиң мәмлекет тәрепинен финанслaverастырылыўы;
- Спонсорлық фондлары.

Басқаша қылып айтқанда, инвестиция базары мазмунына көре исбилерменликке қойылатуғын базар. Инвестиция базары субъектлерине мулкшиликтиң турли көринислериндеги, яғный мәмлекет, банк, жеке, шет ел ҳәм тағы басқа капитал киреди.

**И н в е с т и ц и о н   к а п и т а л л а р д ы ң   ҳ ә р е к е т   з о н а л а р ы**




**6. Инвестиция базары** - финанс базарының пулларының материаллық баҳаға айналыўы менен байланыслы тури болады. Бирақ базар экономикасында әпиўайы тил менен айтқанда, пул - пулға сатылатуғын ҳәм сатып алынатуғын сап көринистеги пул базары бар.

**Валюта -** пул базары төмендеги жағдайларда ҳәрекет қылады:

а) мәмлекетте бир ғана пул бирлиги киритилгенде;

б) параллел валютаны киритиў (мәселен, шет ел валюта);

в) сол себепли бул валютаның басқасына салыстырмалы алды - сатты көринисиндеги базар қатнасиқлары кең ейеди. Бунда базардың активлиги алмастырылып атырған валютаның конвертация турине байланыслы.

7. Социаллық - экономикалық жаңалықлар, ядқа алыў, рационализаторлық усынслары ҳәм илимий - техникалық реформасының басқа жеңислери инновация деп есапланады.

Базарда олар товарға айналады, ҳеш кимге тийисли болмағ ан мулкти көрсетпейди. Инновациялардың баҳасы олардың талап ҳәм усыныс тийкарында көрсетилген баҳада өз көринисин табады.

## 1.4. Базар инфраструктурасы

**Дәслеп инфраструктура не?** деген сораўға жуўап берейик.

Тусиникли болыўы ушын биз әпиўайы экономикалық мысалда көремиз.

Ферғана туфли фабрикасы бир жылда 5 миллион жуп туфли ислеп шығарады. Оның өниминиң 5 миллионға шамалас қарыйдары болыўы мумкин. Уси улкен көлемдеги товарды тутыныўшыға қандай жеткизиў мумкин.

**Биринши шешим:** Оларды почта посылкаларында жөнелтемиз. Бул болса 5 миллион почта посылкасы болады деген сөз. Бирақ ким оны басқа турдегилер

менен салыстырмай, сыпаты, сыртқы көриниси, баҳасы, аўырлығы, туфли моделдеги қолайлықларын кийип көрместен сатып алады. Турмыс усы усылдағы пайдаланыўдың (сатып алыўдың ) қолайсызлығын көрсетип тур, бирақ Батыс Европа мәмлекетлеринде бул усыл раўажланып баратыр, себеби қарыйдарлар өзлери ушын фирманы таңлап улгерген, өнимлердиң сыпатын жақсы биледи, оған исенеди, жарқын көргизбели букетлер болса жақсы саўда турмысындағы барлық зәрур мағлыўматларды береди.

Өкинишли жери, бизиң еле бундай дәрежедеги сервиске жетисиўимизге узақ, соның ушын туфлиды посылка менен жеткериў инкар етиледи.

Қарама - қарсы шешимди көрип шығамыз, туфлиди магазиннен сатып алады. Егер бир ғана магазинге 5 миллион туфлидиң барлығын тапсырса, фабрикада товарды қай жаққа сатыўға жөнелтиў машқала болмас еди. Бирақ бундай шешимге келиў Қарақалпақстан ҳәм Термизде жасайтуғын қарыйдарды туфли ушын Ферғанаға жөнелтиў керек болады деген сөз.

Базар шараятында қарыйдардың ҳукими әҳмийетли, ол не ушын керек екенлигин өзи белгилейди, товар оның мутәжликлерин қанықтырдыма, жоқпа, өзи шешеди. Оның магазинге болған тийкарғы талаплары төмендегилерге келип тақалады:

- магазин жақын болсын;
- магазинде жетерли жерде болсын ҳәм туфли усыныс етилсин;
- баҳасы қанығарлы болсын;
- сыпатлы хызмет пенен тәмийинленсин.

Демек басқа жағдайды көрип шығамыз.

«Алтыарық» қаласында жоқары ислеп шығарыў көрсеткиши жылына 24 мың тонна жунди жуўыў мумкиншилигине ийе болған заманагой Франция ускенелери менен ускенеленген жун жуўыў фабрикасыи иске тусириў ушын 12 миллион қойды қырқыў ҳәм оны жыйнаў керек болады.

Мәмлекеттиң бир жеринде фабрика ҳәм буған барлық мәмлекет ишинен көплеген точкаларда қой жунлери жийналыў орайы бар. **Оларда қандай етип фабрикаға жунди жеткериў мумкин? 12 миллион почта посылкасин соғыў**

**керек пе?** Бул усыл сол замат ақ надурыс екенлиги анық. Себеби, бул посылкалар ушын, посылкаларды ораў, жөнелтиў ҳәм ашиўдиң ози улкен муғдарда ораў материалларин ҳәм мийнет сарпы кетеди. Турмыс әлле қашан басқа жолды көрсеткен, яғный жунди қабылаў пунктине алып барыў ҳәм ол жерден вагонлар ҳәм автомобильлерде фабрикаға жөнелтиў. Бул бир қанша орынлы пикир, бирақ бул да аңсат емес, ҳеш ким қабыллаў ҳәм таярлаў пунктлерине қолайлы жайласыўын, олардың көлемин анықлай алмайды.

Көрип турғанымыздай, шешимлер саны көп. Қысқасы, инсанның жоқары нәтийжели машина жаратыў барысындағы көп әсирлик умтылыўы ислеп шығарыў шығынларын мумкин болғанынша кемейтириў машқалаларын ҳал қылыўды тәммийинлеўши механизацияланған ҳәм автоматласқан заманагой ислеп шығарыў технологиялық комплекслерге алып келеди. Заманагой өним ислеп шығарыў ушын келеси қәсийетлер сәйкес:

- ислеп шығарыўшы санаат бир қәлипте өним шығарады;
- аўыл хожалығы мийўе, овош, палыз өнимлерин мәўсимли, жылына бир мәртебе ҳасыл жеткизип береди;
- кән санааты жумысына ҳаўа райы шараяты тәсир көрсетеди: қыста таў кән ҳәм таў химия шийки өнимин ашып алыў пәсейеди, кушли аязда болса ҳәттеке жумыс тоқтап қалады;
- аўыл хожалық шийки зат (ҳайўанлар териси, жун, мамық, қус пәри) бир тегис жеткизилмейди.

Халықтың товар ҳәм хызметлерге талабы келесилер менен ажыратылады:

- азық - аўқат өнимлерине мутәжлик бир тегис;
- кийим, аяқ - кийимлерге болған мутәжлик, турли кийиниў муддетине қарап мәўсимлик характерге ийе;
- хызметши, техника, мебеллердиң алыныўы, бир неше жылда бир мәртебе, квартира, уйди сатып алыў бир неше он жылда бир мәртебе әмелге сырылады.

Инфраструктура шәртли рәўиште 9 блок арқалы усыныс етилиўи мумкин:

1. Исбилерменликти таярлаў ҳәм есапқа алыў.
2. Жеке бизнести дизимге ҳәм есапқа алыў.

3. Финанс - кредит системасы.

4. Көтере - қурал қурамы.

5. Биржа базарлары.

6. Агрохызмет базары.

7. Хызмет базары.

8. Транспорт тәмийнаты.

9. Сыртқы экономикалық байланислар тәмийнаты.

Бунда инфраструктурасының экономикадағы ҳәзирги аўладтың тийкарғы қыйыншылықлары еки өз - ара байланыслы усыныслар менен байланысады:

- Санаат ислеп шығарыўды өстире алмайды ҳәм ҳәттеки оны қысқартырады, себеби халықтың төлеўге мумкиншилигиниң талабы пәс. Нәтийжеде кәрханалар амбордағы таяр өнимлер топланып қалды, бирақ шийки зат ҳәм ислеп шығарыўды даўам еттириў ушын шийки зат сатып алыўға пул да жоқ;
- Халық кем пул ислеп табады, себеби оның көпшилик ўәкили тутыныўшылар сатып алыў қуўатының әзизлиги себепли өним ислеп шығарыўды қысқартырылып атырған кәрханаларда ислейди.

Жузеге келген жағдайдан шығыўдың оптималь жолы төмендеги талапларды қандырыўы керек:

- Ислеп шығарыўды өсириў инфляцияны кушейттириўши кредитлерди талап етпеслиги керек.
- Ишки базардың имканиятлары шегераланбағаны ушын қосымша өнимди аңсат, шет елде сатыў керек. Тускен пуллар экспортқа жиберилген. Ислеп шығарыў жумыслары турмыс дәрежесин асырыў, пайда ямаса бюджетти беккемлеўи ҳәм базар инфраструктурасын пайда етиўди финансластырыўы керек.

«Жаҳан банки», «Европа тиклениў ҳәм раўажланыў банки», «Европа Аўқамы комиссияси» ҳәм басқа халықара инвестицияларын бизиң экономикамызды раўажландырыўдың жеке аўыл хожалығы базасында басланатуғын ҳәм тараўларара шынжырлы көринисте өз - ара ҳәрекет пенен басқа тараўларды көтериўи анық, әпиўайы ҳәм реал дәстуримизге қолланыў мумкин. Дәстур оларды жеңиллестирилген кредитлери менен қоллап – қуўатланады, бул болса Өзбекстанда жеке

жук тасыў, көп тармақлы шақабшалардың шөлкемлестирилиўи ҳәм аўыл инфраструктурасының раўажланыўын жеделлестиреди деп жуўмақ етиўге тийкар бар.

Дәстурди әмелге асырыўдың социал - экономикалық ҳәм сиясий ақыбетлери:

1. Өзлерине тийисли болған транспорт қуралларының толық бәнтлигинен қызыққан жук тасыў машиналарының ийелери жергиликли аўыл хожалық өнимлерин жетистириўшилерди ислеп шығарыўды өсириўге бәсекилестиреди.

Жук машинасы өнимди киши партияларға бөлип уйме - уй жыйылмаслығы ушын (буған көп ўақыт кетеди, ыссы кунде өним бузылыўы мумкин) аўылдағылар да, транспортшылар да заманагой өнимди қайта ислеўши ҳәм сатыўшы техника менен сақлаў ханаларын пайда етиўден тәрепдар.

Аўлыл халқлы инфраструктураслы арқалы жәмийет турақлылығына имкан бериўши өз - ара экономикалық қызығыўшылық (пайдалар) шынжыры менен байланады. Улыўма турмыс дәрежеси көтериледи.

2. Аўыл халқының төлеўге уқыплы талабының асыўында санааттың жаңаланыўы басланады, ол болса жеке жук машиналарында 720 мың тонна шийки зат алып кириў имканына ийе болады. Биринши нәўбетте **химия санааты ушын** – бояўшы ускенелер, автомобиль эмаллары; **тоқымашылық комбинатлары ушын** – синтетика ҳәм жун жиплер, карбид, автомобиллер ушын керекли қурам бөлеклер ҳәм бизде кемейип баратырған басқа шийки затлар кирип келеди.

3. Халықара инвесторлар Өзбекстанда экономиканың өзлери кредитор болыўға таяр интеграцияланған қудретли жеке секторының келип шығыўын көреди.

4. Россия, Қазахстан ҳәм Өзбекстан экономикасының интеграцияланыў жаңа көринистеги хожалық байланыслары да финанслық жәмлестирилип, бул интеграцияласыў толық өз қәлеўи, экономикалық болып, ол инсанлар ортасындағы ислеп шығарыў қатнасықларының беккемлесиўине алып келеди. Бул байланысларды бир - биринен акциялар сатып алыў, улес, көшпес мулклерди сатыў, қоспа кәрханалар ашыў жолы менен беккемлеў мумкин.

Базар ўазыйпаларын әмелге асырыўда тиккелей қатнаспастан, оған жәрдем бериўши, хызмет көрсетиўши кархана, шолкем ҳәм мәмлекеттиң жәрдеми барлығы бир ат пенен **– базар инфраструктурасы** деп аталады. Базар инфраструктура-

ларына банклер, қамсызландырыў компаниялары, товар, фонд ҳәм басқа турдеги биржалар, саўда уйлери, бажыхана басқармалары, есап - санақ, финанс, ҳуқықый мәсләҳәт хызметин көрсететуғын ҳәр турли шөлкемлер, ҳәр турли арнаўлы саўдаларды шөлкемлестириўши мәмлекет ҳәм шөлкемлер киреди.

**Базар инфраструктурасы** - өним (хызмет) ислеп шығарыў ҳәм тутыныўшыны бир базар майданында байлаўшы, ислеп шығарыў ҳәм тутыныў кеңисликлери арасындағы қатнасықларды өз мақсетлерине жетисиўлерин тәмийинлеўге мумкиншилик бериўши институт ҳәм қурылма дузилислер системасы.

**Базар инфраструктурасы** - бул инсан ойлап табыўы тәрепинен сынаў ҳәм қәтелер арқалы келип шығылғ ан, тоқтатыўсыз раўажланып атырған ҳәм өзиниң турақлылығы ақыбетинде илимпазлар, мәмлекетлик искерлери ҳәм әмелдарлардың, исбилерменлер ҳәм барлық пухаралардың дыққатына мутәж болған улкен система болып, ол инсан өним ҳәм хызмет тутыныўшысы сыпатында ушырасатуғын дерлик барлық экономикалық орталық.

Сонны айтып өтиў керек, биз ашып атырған базар инфраструктурасы тусиниги менен бир қатарда және еки термин ислетиледи. Булар:

- Ислеп шығарыў инфраструктурасы;
- Социаллық инфраструктура.

**Ислеп шығарыў инфраструктурасы** - бул микроэкономикада көп исленетуғын кәрхана дәрежесин қамтып алыўшы термин. Ислеп шығарыў инфраструктурасы тийкарғы ислеп шығарыўға өним шығарыўдың технологиялық процессин өз ишине алады ҳәм оның ислеўинде экологиялық талапларға әмел қылыўды тәмийинлейди. Бундай объектлерге: энероэнергия, газ, ыссылық, пуў, суў тәмийинаты қурылмалары, барлық көринистеги транспорт (заводтағы жумысшы, темир жол, транспортёрлар киреди, конвейер, амборхана хожалығы, вентиляция системасы, канализация, тазалаў иморатлары киреди).

**Ислеп шығарыў инфраструктурасының ўазыйпалары** – ислеп шығарыў имканиятыин оны энергия менен тойындырыў, технологиялық демалысларды қысқартыў, шығындыларды тез жоқ етиў, жоқары нәтийже бериўши режимде пайдаланыў ушын шараятлар жаратыў жолы менен максималластырыў.

Мәмлекет халық хожалығы системасына тараўлардың өз - ара байланыслығы толығы менен тусиндириўши макроэкономикалық әдебиятта халық хожалығының **«ислеп шығарыўшы», «социаллық»** инфраструктурасы атамалары ислетилмекте. Биринши турге өнимди жанапай финанслық ислеп шығарыў шахапшасына хызмет көрсетыўшы тараўлар киреди. **Оларға:** электроэнергетика, ыссылық ҳәм газ тәмийнатлары, транспорт, байланыс, коммунал хыизметлер.

**Социаллық инфраструктура** ден - саўлықты сақлаў, социаллық қамсызландырыў ҳәм социаллық тәмийнат системалары киреди.

**Инфраструктураның мақсети ҳәм ўазыйпалары.**

Инфраструктураның мақсетин анықластырыўда дәслеп, товардың тийкарғы көрсеткиши – баҳаның инфраструктурасы буўынлары бойлап ҳәрекетлениўи ўақтында қандай өзгериўлерин көрип шығамыз.

Таярлаўшы товарды ислеп шығыўға өзине тусер баҳа көлеминде қәрежет сарплайды. Салықларды төлеў, қәрхананы раўажландырыў, жамғарма ҳәм қамсызландырыў фондын жаратыў, жоқары дәрежедеги жеке тутыныўды тәмийинлеў ушын товарды жоқарыда санап өткенлерди тәмийинлеў имканын бере алыўшы пайда менен сатыў керек.

Өзине тусер баҳа пайда менен биргеликте товардың кәрхана тәрепинен белгилениўши баҳасын көрсетеди. Айтылғанлардан келеси жуўмақ қылыў мумкин, **өзине тусер баҳа – ең төменги шегера болып, товар буннан арзан баҳада сатылыўы мумкин емес**.

Көтере сатыў (сақлаўшы) база товар кө леми қаншелли улкен болмасын, оны қабыл қылады, сыпатын таңлаў тексериўлеринен өткизеди, киши сақлаўшы базаларға жөнелтиў ушын партиялар пайда етеди, тасыў ушын транспорт буйрады. Майда сақлаўшы база, өз нәўбетинде товарларды магазинлерге жөнелтиў ушын жоқарыдағыға уқсас жумысларды орынлайды. Тек ғана магазинде товарды қарыйдарға жузбе - жуз келтиреди.

Тәбийий инфраструктураның ҳәрбир буўыны өз ўазыйпаларын әмелге асырыў бойынша қәрежетлерге дус келеди, яғный салық төлейди, пайда көреди. Булардың барлығы қосылғанда товардың баҳасын асыратуғын устемени пайда етеди.

Товар баҳасын ислеп шығарыўшыдан тутыныўшыға шекем болған ҳәрекети процесиндеги өзгерис динамикасының улыўма схемаси **2-суўретте** көрсетилген.

Товар ҳәрекетиниң бирде - бир басқарыўшысы болмаса, товардың бир қурылмасынан басқасына артықша ҳәм керексиз тәризде өтебериўи баҳаның ең жоқары шегераға шығып кетип қалыўына алып келиўи мумкин. Биз өзимиз соған уқсас алып жағдайлардың гуўасы боламыз, арасында болса жәбирлениўшиси де боламыз. Бирақ тийисли базар экономикасында инфраструктурада товар ҳәрекетиниң басқарыўшысы бар. Ол товар сатыўшы усыныс қылған суммаға сатылады ма, жоқпа соны аныңлайды. Егер жоқ болса, онда товар турып қалады, баҳа туседи, өз ийелерине зәлел келтиреди, товарды сатыўға умтылыў аймақлық жеткерип бериўши (ислеп бериўши емес), соның менен бир қатарда, аймақлық қарыйдарды қыдырыўға мәжбурлейди.

«**Ўақыт - байлық**», демек, инсан қаншелли бай болса, әдетте, ол соншелли бәнт болады. Соның ушын тез ҳәм жеке хызмет, товардың исенимли жоқары сыпаты, оның дизайни ҳәм тутыныў қәсийетлери ушыин ҳақы төлеўге таяр. Усы факторды есапқа алыў қарыйдарлар төлеў қәбилетлерине қарап ажыратылған пәс, орта ҳәм жоқары баҳалардағы магазинлерди пайда етиўге алып келеди.

Қызығыўшылар жеткизиўшилерди излеў, сатыўшылардың (магазин көринисинде) туўрыдан - туўры өним ислеп шығарыўшылар менен байланысты дузиўге алып келди. Бул шараятта сатыўшы товарды сақлаўшы ҳәм майда сақлаўшы базалар устемесинен азат жағдайда сатып алады. Ислеп шығарыўшыларды өз пайдаларын саўда устемеси жоқарысына шекем өсириў жолы менен көбейтиўге умтылыўлары кәрханалар тәрепинен фирма магазинлериниң ашылыўына алып келеди (ҳәзирги фермерлердиң арзыў әрманы да усы емес пе?).

Инфраструктура барлық буўынларының биргеликтеги ҳәрекети тутыныўшы қызығыўына қарама - қарсы тәрепине қаратылған. Тутыныўшының инфраструктурасы менен қатнасықларының бир ғана, бирақ **нәтийжели басқарыўшысы** - бул төлеў қәбылетине ийе болған талап. Егер қарыйдарда сатыўшы усыныс еткен баҳаға сәйкес келиўши муғдарда пул болмаса, товар тутыныўшының сатып алыўға болған кушли қәлеўине де қарамастан прилавкада қалып кетеди. Көрип шығы-

лып атырған «**инфраструктура - тутыныиўшы**» өз - ара тәсири схемасында сатыўшы ҳәм қарыйдарды жақынластырыўға қаратылған фактор бар. Онда, сатыўшының кереги жоқ. Улыўма алғанда не менен саўда қылыў оның ушын бәри бир, арзан сатып алып, қымбатына сатса болғаны. Бирақ товар сатыў ушын алынған екен, сатыўшының сатыў қәлеўи қарыйдардың сатып алыў қәлеўи менен сәйкес келеди. Еки дийди бир точкада кесискен жерде болса қарыйдардың (қызығыўшылардың) қатнасы жуз береди.

| **1. Таярлаўшы кә рхана** | **2. Тасыў-шы база** | **3. Сақлаўшы база** | **4. Майда сақлаўшы база** | **5. Магазин** | **6. Қарыйдар** |
|---|---|---|---|---|---|
| Товарды кәр-хана белгиленген баҳасы | Транспорт устемеси | Сақлаў базасы устемеси | Майда сақлаў базасы устемеси | Магазин устемеси | Сатыў ушын салық |
| | | | | | ______ |
| | | | | ______ | ______ |
| | | | ______ | ______ | ______ |
| | | ______ | ______ | ______ | ______ |
| | ______ | ______ | ______ | ______ | ______ |
| ______ | ______ | ______ | ______ | ______ | ______ |

**2-суўрет.** Товар баҳасының ислеп шығарыўшыдан тутыниўшыға шекем болған ҳәрекети процесиндеги өзгерис динамикасы.

**Қызығыўшылардың келисиўиниң биринши ақыбети** - арзанласыў, товарлар баҳасының пәсейиўине алып келеди. Товарлардың прилавкада ҳәм амборларда турып қалыўдан тусетуғын зыянды кемейттириў ушын сатыўшы пайдасының тек ғана бир бөлеги емес, бәлки жоқары талапқа ийе болған пайда жаңа товарлар сатып алыў менен өз қәтесин дузетиўге умит қылып ҳәммесинен ўаз кешиўи мумкин.

Келисимниң екинши ақыбети саўдаға көмеклесиў ушын рекламаны пайдаланыў. **Реклама болса** – инфраструктураның тағы бир институтларынан бири болып, оның хызметлери товар баҳасына устеме есабынан төменленеди. Инфраструктура «**керекли**» талапқа бойсынады ҳәм оған масласады. Инфраструктура қаншелли раўажланған болса, базар соншелли кушли, базар қағыйдаларын бузыў соншелли қыйын.

Инфраструктура бойынша берилген дәслепки барлық тусиниклер «**қысқартылған**» схема менен берилип, бунда банклердиң тутымлары, қарханалар хызметлерин тексериўши аудиторлық фирмалар, инвестицион фондлар, биржалар ҳәм тағы басқалардың хызметлери келтирилген.

Өз мақсетине жетиў ушын инфраструктура төмендеги мәселелерди шешеди:

**Бириншиден**, өзиниң ислеп шығарыў шығынларын кемейтириў есабынан өз устемесин көбейтиреди.

**Екиншиден**, ислеп шығарыў ушын базар талабының индикаторы сыпатында сийрек болып, базарда шөлкемлесип атырған жағдайлардан келип шығып, өним таярлаў ушын ислеп шығарыў ҳәм хызметлер шығынлары қысқарады, өним шығарыў көлеминиң басқарыўы тәмийинленеди.

**Ушиншиден,** тутыныў товарларының көшпес мулк ислеп шығарыў қураллары, кәрханалар, концерн ҳәм корпорациялардың зәрурий жәмәәт баҳасын биржа механизминен пайдаланған ҳалда анықлайды.

Сондай етип, об’ектив економикалық басқарыўшылар мә млекет ҳә м жә мийетти ислеп шығ арыўды басқарыўдай тә шиўиштен азат етеди.

**Товар** - шийки зат биржаларының хабарлары биржа товарларын ислеп шығарыўшы яки тутыныўшы котировкасындағы өзгериўлери менен фонд биржа-

сындағы акция қуралларының котировкасы жеке инвесторларға өз пул қаржыларын қай жаққа жибериў барысында бир қарарға келиўлерине жәрдемлеседи.

Соның менен және объектив, тек ғана экономикалық усыллар менен ислеп шығарыўды раўажландырыў мәселелери басқарылады, капиталлар талап жоқары болған товар ҳәм хызметлерди яғный өнимлерди ислеп шығарыўшы пайда келтиретуғын тараўларға ағып өтеди; өнимине талап кушейтип кеткен яки нәтийжесиз ислеп атырған, кем пайда келтирип атырған кәрханалар ҳәлсирегенше қалады, кейин ҳәр бир тутыныўшы ҳәм путин жәмийет қәлеўине сәйкес тәризде капиталдың ағып өтиўи талап жоқары болған товар ҳәм хызметлердың өсиўин хошаметлендирип, «**фючерс**» ҳәм «**форвард**» питимлери механизми арқалы ислеп шығарыўды аванс пенен тәмийинлейди, онииң ғәрезсиз пайдали ислерине имкан туўдырады, инвестицион ресурсларды олардан көбирек пайда келип атырған жерде шөлкемлестиреди.

**Төртиншиден,** инфраструктура товар ҳәм хызметлер базарының маркетинги тийкарында барлық тутыныўшылар атынан ис журитиўши буйыртпашы ўазыйпасын орынлайды ҳәм соның менен ислеп шығарыўға мумкиншилик жаратады.

Инфраструктураның тийкарғы функциялары төмендегилерге келип тақалады:

1. **Аўыл хожалық өнимлери бойынша:** қабыл етиў, жуўыў, қурғатыў, ажыратыў (бузылған ҳәм бузылып атырған өнимлерди алып таслаў), жайластырыў, ораў, контейнерлерге салыў, сақлаў, жәмлеў, зәрур жағдайда - сатыў ҳәм тутыныў ушын бир ўақытта жеткизип бериў.

2. **Санаат өнимлери бойынша:** қабыл етиў, ораў, жайластырыў, сақлаў, талапқа сәйкес тутыныў ушын жеткизип бериў.

3. **Барлық турдеги өнимлер ушын:** көп сандағы ири тутыныўшыларға жеткизип бериў ушын товарларды топлаў яки керисинше, майда тутыныўшыларға талапқа муўапық жеткизип бериў ушын улкен партияға товарлардың комплектин майда етип ықшамластырыў.

4. Аўыл хожалық ислеп шығарыўшылары ҳәм аўыл хожалық шийки затын қайта ислеўшилерди аванс пенен тәмийинлеўшилерди «**фючерс**» **ҳә м** «**форвард**» шәртнамалары тийкарында өним шығарыўды кеңейтириўге хошаметендириў.

5. Исбилерменлик хызметин кредитлестириў.

6. Исбилерменлик тәўекелшилигин қамсызландырыў.

7. Товарлар тасыўын тәмийинлеў.

8. Исбилерменлерди дизиминен өткериў.

9. Питкерилетуғын питмлерди дизиминен өткериў.

10. Исбилермен мәплерин, пайда алыўларын ҳуқықый жақтан қорғаў.

11. Исбилерменлер тутыныўшыларына консалтинг, инжиниринг, аудитор, проект - смета хызметлерин кө рсетиў.

## 1.5. Базар экономикасындағы баҳалар

**1. Баҳа тусинигиниң мәниси**.

Өз - ара пайдалы шәртнамаларды дузиў ушын баҳалар болыўы керек. Баҳа сатыўшы менен қарыйдарды байланыстырады ҳәм олар ортасындағы қатнасықларды белгилейди. Қарыйдар өз имканиятларын баҳалайды ҳәм таңлайды. Базар баҳасы талап ҳәм усынысқа муўапық еркин орнатылады, товардың усы базардағы ҳәм усы ўақыттағы ҳақықый баҳасын көрсетеди. Базар баҳасының оптимал варианты теңсалмақлы баҳа болып табылады.

**Теңсалмақлы баҳа** – сатыўшы ҳәм қарыйдарды қанаатландырыўшы базардағы усы ўақыттағы жалғыз әмелдеги баҳа есапланады. Жәнe де пәсирек баҳада товар сатылғанлығы, жоқарырақ баҳада товар артықмашылығы жузеге келеди.

**2. Базар баҳасының функциялар.** Товарлар усынысы, қарыйдарлар төлеў қәбилети ҳәм базар конюктурасы турысында мағлыўмат бериўи, исбилерменлердиң жумыс хызметин хошаметлестириў, товарды сатыўдан тускен пайданы таярлаўшылар ортасында бөлистириў.

**3. Баҳаның өсиўи ҳәм тусиўи**. Тек тәжрийбесиз адам ғана базар баҳаларының ҳәрекети тең из толқынларының шығып тусиўи сыяқлы ишки басқарыўға бойсынбайтуғындай туйиледи, ҳаққыйқатында болса баҳалардың өзгериўи талап ҳәм усыныс нызамларының ҳәрекети менен шәртленеди. Олар өзгермес екен, тең салмақлы баҳада турақлы болады. Теңсалмақлы баҳа да сондай бир есапланады ҳәм төмендеги шараятларда узақ ўақтынша сондай болып турыўы му мкин:

а) сатыўшы ҳә м қарыйдарлар сондай көп болып, базардағы бәсекиниң кушлилигинен баҳаның жеке устемлигине ерисиўи мумкин емес;

б) сатыўшы ҳәм қарыйдарлар базар конюктурасы, ондағы баҳалар туўралы толық, исенимли ҳәм өз ўақтында берилген мағлыўматқа ийе болса;

в) товарлар бир - бирине уқсас, соның ушын қарыйдар ушын сатыўшыға сыпат ушын базар баҳасынан жоқары баҳа төлеўдиң, сатыўшы ушын болса баҳаны тусириўдиң мәниси жоқ болса;

г) сатыўшы ҳәм қарыйдар базарға еркин шығып товар сатып алса.

# II БАП.

# ТАЛАП ҲӘМ УСЫНЫС НЫЗАМЫ

## 2.1.1. Талап ҳәм оның әҳмийети, талап нызамы

**Талап –** бул тутыныўшының мәлим пайда ҳәм ўақытта товар яки хызметти сатып алыў қәлеўи ҳәм қәбилети.

Талаптың базар механизминдеги ўазыйпасы, айдынластырыўшы ўазыйпа болып есапланады, себеби ол ислеп шығарыўды адамларға зәрур болған товарларды шығарыўға мәжбур қылады. Өз нәўбетинде талап қарыйдарлардың мутәжликлеринен келип шығады.

Олардың тилеклериниң өзгериўи менен мазмуннан мутәжликлердиң пуллы көриниси болған талап та өзгереди. Мутәжлик инсанның оны усы ҳалда финанслық тәмийинлеў нийетинде әмелге асады. Егер товарды сатып алыў ушын пул болмаса, бул тек ғана тилек болып қалады, себеби талап төлеў қәбилетине ийе болған бирер нәрсени сатып алыў мутәжлиги есапланады.

Талап нызамының мәниси сонда, қәлеген базарда, турли шараятта товар ҳәм хызмет баҳасы ҳәм тутыныўшылардың оларға талабының улкен - кишилиги ортаында өз - ара байланыслық бар: баҳа қанша пәс болса, талап соншелли жоқары ҳәм керсинше баҳа қанша жоқары болса, талап сонша пәс болады.

Усы нызам соның менен тийкарланады, арзан ҳәм сыпатлы товарды қарыйдар жан тәни менен сатып алады, себеби бул товарды сатып алғ анынан соң онда және артық пуллар қалады. Буннан тысқары, арзан товар запасы ушын да жан - тәни менен сатып алынады. Талап нызамы баҳаның көтерилиўи кутилип атырғандағы «**шаў-шуў**» ўақтында ислемейди ҳәм ол сийрек қымбат баҳа товарлар ушын пулдың қуралы болып қалады (алтын, зергерлик буйымлар, антиквар буйымлар).

## 2.1.2. Талап графиги

Ҳәр бир шахс адамлар тәрепинен сатып алынатуғын буйымлар муғдары барқулла оның баҳаға байланыслы екенлигине әмийин болады: товардың баҳасы қанша жоқары болса, оны соншелли кем сатып алады ҳәм оның базар баҳасы қаншелли пәс болса, сонша көп сатып алынады.

Солай етип, товардың  базар баҳасы (мәселен, бийдай) менен оның талап қылынып атырған муғдар ортасындағы (товардың баҳасы ҳәм муғдары) усы өз - ара байланыс талап графиги яки талап иймек сызығы деп аталады. **Мысалы**: Базарда барлық тутыныўшылар тәрепинен **бушел** (салмақ өлшем бирлиги) белгили муғдардағы бийдай усы айда 9 миллион бушел бийдай сатып алынады. Бирақ пәсирек, баҳада, мәселен 4 доллар баҳада бушелге сатып алынған бийдай муғдары асады ҳәм **1-кестедеги** мағлыўматларға көре **10 миллион лирди** қурайды ҳәм қалғанлары көрсетилген.

1-кесте

| | **Баҳа, бушел ушын долларда** | **Талап көлеми 1 айға миллион бушел** |
|---|---|---|
| A | 5 | 9 |
| B | 4 | 10 |
| C | 3 | 12 |
| D | 2 | 15 |
| E | 1 | 20 |

Бийдайға болған талап графикги ушын мағлыўматлар **1-кестеде** берилген. Қәлеген базар баҳасында бәрқулла бийдайға белгили бир талап болады. Бираз пәсирек  баҳада болса талап бул товар муғдарына көбейеди, себеби  көбирек адамлар басқа товарлардың  орнын оның  менен толтырады.

2-суўретте биз координата көшери бийдайдың  бушел ушын долларда өл шениўин турли баҳалары өзгериўши қатарын белгилеймиз. Абцисса көшери бойынша биз ай даўамында сатып алыныўшы бийдайдың  бушелде  муғдарын өлшеймиз.

Бул суўретте ҳәр бир жуп **P** ҳәм **Q** номер ушын графикте точка өз - ара ушласыўшы жеңил ийилген сызық талап иймек сызығы болады. Усы **dd** иймек сызығы бәрқулла өзгериўши талаптың  анық нызамын көрсетеди.




2-суўрет. Талап сызығы

### 2.2.1. Усыныс ҳәм усыныс нызамы

Усыныстың функциясы ислеп шығарыўды тутыныў менен, товар саўдасының оның сатылыўы менен өз - ара байланыстырыўда пайда болады. Жузеге келип атырған талапқа жуўап туринде ислеп шығарыў товарлар шығарыўды кеңейтирип, олар сыпатын асырады ҳәм оларды таярлаў қәрежетлерин кемейтиреди. Нәтийжеде пайдалылық себепли базарда усыныстың улыўма көлеми асады.

Усыныс нызамының мазмуныи сонда, баҳа қанша жоқары болса, таярлаўшылар сонша көп пайда көреди, базарда усыныс тезирек көбейеди ҳәм керисинше, баҳа пәсейўи менен усыныс кемейеди. Өним шығарыў өсиўи, базардағы товар ҳәм хызмет усынысының өсиўине баҳа факторы, буйым толы әмелий өзине тусер баҳаның пәсейўи, реформадағы пайданың кутилиўи, базар бәсекиси киреди.

### 2.2.2. Усыныс графиги

Енди талапты тәриплеп болғанымыздан соң, басқа екинши тәрепке – сатыўшылар тәрепине өтемиз. Усыныс графигине қысқаша тоқтаймыз.

2-кесте

| | Қойылатуғын мумкин болған баха, бушел ушын доллар | Сатыўшылар жеткизип беретуғын бийдай муғдары миллион бушел |
|---|---|---|
| A | **5** | **18** |
| B | **4** | **16** |
| C | **3** | **12** |
| D | **2** | **7** |
| E | **1** | **0** |

2-кестеде бийдай усынысы графигин дузиў ушын мағлыўматлар берилген.

3-суўретте болса, усы график сызық көринисинде берилген. Талап иймек сызығынан парқы усыныс иймек сызығы әдетте, оңнан жоқарыға, қубла – батыстан, арқа - шығыс тәрепке көтериледи. Бийдайдың баҳасы жоқары болғанда фермерлер мәккежугери егинлеринен босаған жерлерден бийдай жетистириў ушын пайдаланады. Буннан тысқары, ҳәр бир фермер алдыңғы ўақытта көбирек туқым сатып алыў, көбирек жумысқа жаллаў, көбирек машинадан пайдаланыўға тийисли. Ол ҳәтте кем ҳасылдарлы жерлерде де бийдай өсириўди де мәп биледи. Сондай екен, жоқары баҳаларда ислеп шығарыўды кеңейтириўге қолайлылық жаратылады.

3-суўреттеги сызылған усыныстың жаңа иймек сызығы оңға жылжыйды, бирақ усыныстың қыя жоқарылаған иймек сызығы ушын усы жайласыўы соны билдиреди, **сс** жаңа иймек сызығы пәсейген талап иймек сызығының жайласыўында болғандай, жоқары оң тәрепке емес, бәлки төменги оң тәрепке жылжыўы керек. **сс** ҳақыйқаттан да усыныс көбейўине исеним ҳасыл қылыў ушын, графиктеги точкалардың анық номер көрсеткишин белгилең ҳәм 2- кестедеги жаңа көринисин номерлер менен толтырың. Усыныс графиги баҳа ҳәм усыныс көлеми ортасында қатнас орнатады.

Бийдай усынысының иймек сызығы 2-кестедеги ҳәр бир номер жубы (P ҳәм Q) ушын графикте сәйкес келиўши точка сызылған. Усы точкалар (A**, B, C, D, E**) устинен өткен жеңил ийилген сызық **сс** усыныстың қыя көтерилип атырған сызығы.




## 2.3. Базар теңсалмақлы баҳасы

### 2.3.1. Талап ҳәм усыныстың өз-ара ҳәрекети

Базар механизми ушын уш өзине сай сәйкеслилик характерли есапланады: **талап** ҳәм **усыныс, базар конюктурасының жағдайы**.

**Биринширен**, товардың усынысы оған болған қарыйдар талабынан асады. Мине сондай себептен товар мол - көплиги қайта ислеп шығарыў нәтийжеси яки қарыйдар ушын баҳалардың тәртипсиз өсиўи, товар сыпатының пәслиги, қандырылмаған талап пенен халықтағы пул жетиспеўшилиги сыяқлы кери себеплер менен толып кетиўи ҳәм оның арасынан келип шығыўшы қайта ислеп шығарыў кризиси артықша усыныстың нәтийжесинде келип шығыўы мумкин. Таярлаўшы ушын бул жағдайдан шығыў жолы баҳаларды теңсалмақлы дәрежесине түсириўден ибарат.

**Екиншиден**, талап усыныстан жоқары болса, адамларды өзлериниң **«жетерли пуллары»** на қосымша қыдырыўына мәжбур етиўши қандырылмаған сатып алыў талабы жузеге келеди. Артықша талап, товар артықмашылығының себеплери товар менен қанаатланбаған пул дәраматларының өсиўи (инфляция соннан келип шығады), сондай-ақ өним баҳасы ҳәм оның жасалма рәўиште пәсейтирилген баҳасының бир - бирине сәйкес келмеслиги болыўы мумкин.

**Талап артықмашлығының нәтийжеси дегенде**, буйрықпазлыққа тийкарланған экономика ушын характерли болған ҳәм жеткиликсиз ислеп шығарыў

кризиси нәтийжесинде келип шыққан товар «**ашлығы**» тусиниледи. Жағдайдан шығыў жолы еки турли: яки ислеп шығарыў өнимди көбейттириўге итибар қылады, яки тутыныўшылар талапты ақылға сыйғанынша айырым жағдайда болса өмир сыпатында төменлестирип (жаманластырып) кемейтиреди.

**Ушиншиден**, базарда талап ҳәм усыныстың тең салмақлығы жузеге келеди, бул болса базар экономикасының нәтийжелилик көрсеткиши есапланады. Әйне усы жағдайда «**Фиксинг - талап»** ҳәм усыныстың теңсалмақлы ўақтының орны келип, буның нәтийжесинде товар, хызметтиң теңсалмақлы баҳасы жузеге келеди.

## 2.3.2. Талап ҳәм усыныстың теңсалмақлылық графиги. Талап ҳәм усыныстың өз-ара ҳәрекети

Бир ғана теңсалмақластырыўшы баҳа, яғный сақланыўы мумкин болған жалғыз баҳа деп, сондай баҳаға айтылады, бунда усыныс суммасы ҳәм талап суммасы бир - бирине тең. Бәсеки теңсалмақлылығы барқулла талап ҳәм усыныс сызықларының кесискен точкаларында жайласады. Бул 4-суўретте график туринде берилген.

Талап ҳәм усыныс иймек сызықлары бир диаграммаға салынған болып (яғный 2 ҳә м 3 -ши суўретлерди бир - бири менен бетпе - бет жайластырып қойсақ) талап иймек сызығы менен усыныс иймек сызықлары тек бир точкада кесиседи. Бул кесисиў **С** точкасы талап ҳәм усынысты теңсалмақластырыўшы баҳаны көрсетиўши баҳаны билдиреди.

Бир қатар жоқары баҳада усыныстың талаптан зыятлылығы жузеге келеди: бул штирх сызық пенен көрсетилген. Сызық көрсеткишлери төменге қаратылған болып, баҳалардың сатыўшылар бәсекиси нәтийжесинде ҳәрекетленип атырған тәрепин көрсетеди.

Теңсалмақластырыўшы баҳадан пәсирек баҳада еки сызық талап усыныстан жоқары екенлигин көрсетеди. Соған муўапық тынышсыз қарыйдарлар тәрепинен баҳаларға қойылатуғын қосымшалар бизди баҳаға көрсетилип атырған критиканы белгилеў ушын сызық көрсеткишлерин жоқарыға көтериўге мәжбур қылады. Тек **С** точкасынан кушлердиң теңсалмақлаўшы ҳәм сақланып қалыўы мумкин болған турақлы баҳаға ерисиледи.

Теңсалмақластырыўшы базар баҳасы талап ҳәм усыныс сызықлары кесисетуғын жерде жайласқан. Усыныс ҳәм талап ислеп шығарылып атырған бийдайдың муғдары ҳәм базар  баҳасы **С** точкасының кесилисиўинде усыныс көлеми талап көлемине тең. Қәлеген пәс баҳада талаптың **Р** артығы жәнe баҳаны жоқарыға тартады, теңсалмақластырыўшы баҳадан жоқары баҳада болса, усыныс жудә зыят болып, баҳа жәнe теңсалмақлық дәрежесине туседи. (**Еслетпе:** толығырақ мағлыўмат **«Талап ҳәм усыныс, базардағы теңсалмақлылық»** әмелий шынығыўында келтирилген).




## 2.4. Талап ҳәм усыныс базардағы теңсалмақлылық темасына әмелий шынығыў

Ресурслар, товар, хызмет ҳәм пуллар дәўирлик айналыўын  уйрениў ўақтында товар ҳәм хызмет базарлары ҳәм экономикада ресурс ҳәм дәраматлар бөлистирилиўинде айырықша рол ойнаўшы ислеп шығарыў факторлары базарының бар екенлигин билип алдық. Қандай қылып бир қараўдан қарама - қарсы пайда ийелери болған ислеп шығарыўшылар, өз - ара келисип алады, не ушын тек усы баҳалар шекленген ресурслар бөлистирилиўинде сондай айырықша рол ойнайды, деген сораў туўылыўы мумкин. Усы сораўларға жуўап табыўға шынығыўда әпиўайыластырылған көринисте усыныс етилетуғын талап ҳәм усыныс модели жәрдем береди.

### Экономикалық модел

Экономикалық моделдиң тийкарлары:

- базарда сатыўшы ҳәм қарыйдар көп (ҳәрбир бөлек сатыўшы ҳәм қарыйдардың қарары өнимниң базар баҳасына тәсир қылмайды);

- базарда бир турдеги өним (оның еки жумсалған бирлиги өз - ара парық қылмайды) сатылады ҳәм сатып алынады;

- ҳәр бир қарыйдар ҳәм сатыўшы әмелге асырылған ҳәр бир питим, олардың көлеми ҳәм баҳасы ҳаққында мағлыўматқа ийе (анық мағлыўмат);

- питимлер ерикли дузиледи, барлық товарды өзи зәрур деп билген муғдарда сатыўы ҳәм сатып алыўы, сондай-ақ ҳеш нәрсе сатпаўлығы ҳәм сатып алмаўлығы мумкин.

Усы көрсетилген тийкарлар әмелге асқан бәсекиниң улгили жағдайы ушын орынлы болады. Усыныс нызамлықларының барлық ҳәрекер ҳәдийселери туўесилмейди. Соның ушын сәўбетти усы моделден баслаў қолай.

**Талап –** бул товарға болған барлық мумкин болған баҳалар ҳәм қарыйдарлар усы баҳа менен сатып алыўды қәлейтуғын товар муғдары ортасындағы бар байланыслықлар.

**Қарыйдарлар тәрепинен белгиленген баҳада сатып алмақшы болған товардың муғдары талап көплиги деп аталады**. Улыўма алғанда, талап нызамының тусиндирилиўинде, басқа тең шараятларда товардың баҳасы қанша жоқары болса, талап көплиги сонша пәс болады ҳәм керисинше, баҳа қанша пәс болса, қарыйдарлар соншелли көп муғдарда товар сатып алыўға таяр. Буны келеси графикте көрсетиў мумкин:

**P Баҳа**



### 2.4.1. Талапқа тәсир етиўши факторлар

Бул факторлар төмендигилерден ибарат:

1. Орын басар товарлар баҳасы.

2. Толтырыўшы товарлар баҳасы.

3. Тутыныўшылар талабы.

4. Тутыныўшылардың кутиўи.

**1. Орын басар товарлар баҳасы.**

Бир турдеги товарлар белгили товар қандырыў мумкин болған сол талапларды қандырады. Буны келеси турли гуллер мысалында тусиндириў мумкин: егер лоланың баҳасы көтерилсе, шыныгулге болған талап асады. Улыўма айтқанда, белгили бир товардың орнын басыўшы товардың баҳасы артса, товарға талап асады (талаптың мумкин болған өсиўи қарыйдарлар ҳәр бир мумкин болған баҳа менен белгили бир товардың көбирек бирликте сатып алыўға таяр екенликлерин билдиреди. Соған муўапық, талаптың кемейиўи қарыйдарлардың ҳәр бир мумкин болған баҳа менен белгили бир сатып алыўларын билдиреди).

**2. Толтырыўшы товарлар баҳасы.**

Толтырыўшы товарлар, булар тутыныўшыларға белгили товар менен биргеликте оған болған талапты қандырыў ушын зәрур болған товарлар болып табылады. **Мәселен**, бензин автомобильге байланыслы толтырыўшы товар есапланады. Бундай товарлар ушын төмендеги қағыйда орынланады: егер толтырыўшы товар (бензин) баҳасы артса, белгили товарға (автомобильге) талап пәсейеди.

**3.Тутыныўшылар талабы.**

Егер тутыныўшылардың дийди мәлим товар пайдасына өзгерсе, оған болған талап асады. Буған мысал қылып, моданың ол яки бул пишимдеги кийимге қарап өзгериўин келтириўге болады.

**4. Тутыныўшылардың кутиўи.**

Егер қарыйдар келешекте товар баҳаның өсиўин кутип атырған болса, оған ҳазир талап асады. Графикте талап өзгерияининң көриниси талап сызығының көшиўи болады. Талаптың асыўында график жоқарыға оң тәрепке, талаптың кемейиўинде пәске шеп тәрепке көшеди. (1-асыў, 2-кемейиў)




**Усыныс –** бул товарға болған барлық мумкин болған баҳалар ҳәм сатыўшылар сатыўға (базарға жеткизип бериўге) таяр болған (сатыўды қәлейтуғын ҳәм сата алатуғын) товар муғдары ортасындағы байланыс. **Сатыўшылар белгили баҳа-да сатыўға таяр болған товар муғдары усыныс көплиги деп аталады.**

Улыўма айтқанда, усыныс нызамының көрсетиўинше, товар баҳасы қанша жоқары болса, усыныс кө плиги сонша жоқары болады ҳәм керисинше баҳа қанша пәс болса, сатыўшылар сонша кем муғдардағы товарды усыныс етеди:

## 2.5. Усынысқа тәсир көрсетиўши факторлар

**1. Ислеп шығарыў баҳасы (өзине тусер баҳасы).** Ол қаншелли пәс болса, сатыўшылар муғдардағы товарларды имкан көтерген баҳаларда сатыўға разы болады, яғный товардың усынысы сонша өседи;

**2. Пайда алыўдың басқа (жақынырақ) имканиятларының пайда болыўы**. Егер ислеп шығ арыўшы хызмет етип атырған тараўға салыстырғанда және де пайдалылырақ болған тараў жузеге келсе турған гәп ол сол тараўғә өтиўди қалейди.



**3.** Нәтийжеде мәлим товардың усынысы кемейеди.

**4.** Технологиялық сыпатланыў нәтийжеликлерин асырыў имканын береди, соның менен бирге, усыныстың көбейиўине алып келеди.

Графикте усыныс өзгерисиниң көриниси усыныс сызығының куши есапланады. Усыныстың көбейиўинде график пәске оң тәрепке, усыныстың кемейиўинде болса жоқарыға шеп тәрепке жылжыйды.

**Базар теңсалмақлылығы.**

Әмелде бәсеки базарындағы теңсалмақлылық дегенде товардың сатылып атырған баҳасы белгиленген баҳа бойынша базарға жеткизип атырылған барлық товардың қарыйдарлар тәрепинен сатып алыўы тусиниледи. Сондай баҳа ҳәм муғдар теңсалмақлылық баҳа деп аталады. Басқаша айтқанда, базардағы товардың теңсалмақлы баҳасы ҳәм муғдарын орнатыўда талап көплиги усыныс көплигине тең. Теңсалмақлы баҳаны биз базар баҳасы деп атаймыз.

Теңсалмақлылық графикте талап ҳәм усыныс сызықларының кесисиў точкасы деп берилиўи мумкин. Талап ҳәм усыныстағы жылжыўлар теңсалмақлы баҳаны ҳәм теңсалмақлы муғдарының өзгериўине алып келеди. Басқа тең шараятларда талаптың өсиўи теңсалмақлы баҳаны ҳәм теңсалмақлы муғдарының өсиўине, баҳаның пәсейиўине ҳәм теңсалмақлы муғдарының өсиўине алып келеди.

**Моделдиң тийкарында не жатады?**

Сатыўшы ҳәм қарыйдардың өз - ара хызметине тийкарланған базар механизми өзгериўшең баҳалар жолы менен ҳәр бир тәрептиң талап ҳәм усыныс көринисинде болған тилек ҳәм имканиятларын теңбе - теңликке келтиреди. Баҳалар адамларға ресурслардан көбирек пайда алыў ушын өз ис-ҳәрекетлерин өзгерттириўге жәрдем бериўши хабар бериўши ролин ойнайды.

## 2.6. Талап ҳәм усыныс өзгериўиниң базар баҳасына тәсири.

### 2.6.1. Талаптағы өзгериўден келиўши нәтийже

Талап тутыныўшылардың дийдилери яки дәраматларының тербелиўи ақыбетинде тутыныўшылық кутиўлериниң өзгерислери яки бир - бирине байланыслы болған товар өзгериўи мумкин. Басқа тәрептен алғанда, усыныс технология, қурылмалы баҳа яки салықлар озгериўи тәсири астында өзгериўи мумкин. Егерде усыныс ҳәм талаптағы өзгерислердиң теңсалмақлы баҳаға болған тәсирин уйренбесек, бизиң анализимиз толық болмайды.

Талап өзгериўи ушын дәслеп усыныстың бәрқулла болып қалыўын анализ қыламыз. Параз қылайық, мейли талап өсип атыр деп. Бул ҳалда баҳаға қандай тәсирин көрсетеди?

Графике қарап, усыныс ҳәм талап иймек сызықлары кесилисиўиниң жаңа точкасы баҳа ҳәм муғдар туўрыларындағы көрсеткишлериниң кесисиў точкасынан жоқарыда екенлигин анықлап, биз сондай жуўмақ қылыўымыз мумкин: талаптың көбейиўи басқа тең шараятларда (усынысларда) баҳаның асыўына ҳәм өним муғдарының көбейиўине алып келеди.

Талаптың кемейиўи нәтийжесинде баҳаның пәсейиўи менен бир қатарда өним муғдарының қысқарыўы кузетиледи. Баҳа пәсейиўи менен өним муғдары ортасындағы теңсалмақлылық ортасында туўрыдан - туўры байланыс барлығын табамыз.

### 2.6.2. Талаптың эластиклиги

Копшилик жағдайда муғдарлық өлшемлер айырықша әҳмийетке ийе болып, эластлилик тусиниги болса базардың, талап ҳәм усынысты анықлаўшы тийкарғы факторлардағы өгериўлерге, масласыўшылығы турысындағы бизиң тусиниклеримизди тереңлестириў ушын пайдаланылады. Параз қылайық еки қыйлы товарды ислеп шығарыў ушын пайдаланылатуғын базы бир қурылмалардың баҳасы асып атыр, бул болса еки базардағы тәмийинлеўшилердиң шығынларының көбейиўине себеп болып атыр.

Биз талап иймек сызығы - муйеши коэффициентиниң улкенлиги менен байланыслы болған машқалалардан талап ҳәм баҳалар көлеминиң процентлик өз-

гериўиндеги өз - ара қатнасты анықлап қутылыўымыз мумкин. Бул қатнас талап көлеминиң бахадағы өзгериўлерге қарап сезилиўшеңлигин өлшеў ушын анық сәйкес болған көрсеткишти береди.

Талаптың баҳаға көре эластлиги (**$Э_к$**) талап көлемине тәсир етиўши басқа барлық факторлардың өзгермеслиги менен товар баҳасының 1 процентли өзгер-иўи менен жузеге келген талап өлшеминиң процентлик өзгериўин көрсетеди.

$$Э_к = Т_1 / В_1 \quad (1)$$

Бул жерде: **$Т_1$** - процент есабында талаптың өзгериўи;

**$В_1$** - процент есабында баханың өзгериси.

Бул жерде:

$$В_1 = (122{,}5 – 20{,}0) / 22{,}5 * 100\% = 11{,}1;$$

22,5 долларлы баҳаға муўапық талаптың баҳаға карата эластиклигиниң баҳасы төмендегише анықланады:

$$Э_1 = 100 / 11{,}1 = 9{,}0$$

Бул жерде: **$Э_1$** - талаптың баҳаға қарата эластиклиги.

### 2.6.3. Усыныстың эластиклиги

Усыныстың баҳаға көре эластиклиги (әдетте усыныстың эластиклиги деп аталады) базарлардың экономикадағы өзгерислерге қарап қатнасларын анықлаў-да талап эластиклиги сыяқлы улкен әҳмийетке ийе. Тутыныўшының дәраматы көбейгенде яки басқа бир өзгерислер көринис бергенде, буның нәтийжеси талап сызығын жылжытыўға алып келсе, онда сәйкеслендириў баҳасы ҳәм муғдар усыныс сызығы бойынша өтеди. Сонда бул көрсеткишлердиң баҳадағы ҳәм ислеп шығарыў көлеминдеги муғдары усыныс сызығының тури (ҳәмде жайласыўы) арқалы анықланады:

$$Э_2 = Т_2 / В_2 \quad (2)$$

Бул жерде:

**$Э_2$** - усыныстың эластиклиги;

**$Т_2$** - процент есабында усыныстың өзгериўи;

**$В_2$** - процент есабында баханың өзгериўи.

Талап иймек сызығы менен болғанындай, келтирилген формула баҳаның ҳәр қандай өзгериўлеринде туўры болады, егерде бунда усыныс иймек сызығы баҳаның киши бир өзгериўлери ушын туўры сызық болса, ҳәм сондай-ақ, усыныс иймек сызығы еркин көринисте болғанда да.

## 3. Товар, қун ҳәм пул теориялары.
### 3.1. Өндиристи шөлкемлестириўдиң товар формасы, товар ҳәм оның қәсийетлери

Адамзаттың тарийхый раўажланыиўының көп ғана басқышларында социал - экономикалық системалардың айрымлары узақ ўақыт даўам етип турыўы мумкин. **Мәселен**, әййемги жәмийет дузими қулап атырған ўақытта пайда болған товар алмасыў бир өндирис усылынан екиншисине өтип, бир неше жыллардан бери даўам етип, раўажланып келмекте.

Усының менен бирге қандайда бир социал - экономикалық системаның ҳәр қыйлы тарийхый дәўир жағдайындағы мазмуны, орны, роли ҳәм социаллық ақыбетлери ҳәр тәреплеме болады. Бирақ, олардың улыўма, өзине тән өзгешеликлери сақланып қалады.

Улыўма социал - экономикалық системалардың тарийхта ең биринշиси натурал өндирис болған, бунда мийнет өнимлери ислеп шығарыўшының өз зәрурликлерин қанаатландырыўы ямаса ишки хожалық зәрурликлери ушын ислеп шығарылған. Тутыныў көбинесе өндириске сәйкес келген, олардың бир - бири менен байланысыўы жудә аңсат болып, усы хожалықтың өзинде жуз берген. Бундай қатнасықлар барлық зәрур болған нәрселерди өзи ушын таярлаған әййемги жәмийетте устемлик еткен. Натурал хожалық жәмийетлик мийнет бөлистирилиўиниң жетерли дәрежеде раўажланбағанлығы себепли пайда болып, ол ўақытта жәмийетлик мийнеттен оның ол яки бул тури енди ғана бөлеклене баслаған еди. Бундай жағдайда өз зәрурликлерин өзи қанаатландыратуғын өндирис системалары пайда болған. Мийнет олардың тар шеңберинде ғана жәмийетлик өзгешеликке ийе еди. Натурал өндирис формасы барлық экономикалық процесслерди бир хожалық шеңберинде қатаң шеклеп қояды, сыртқы байланыслар ушын жол ашылмайды. Жумыс куши белгили бир хожалыққа бириктирилип қойылады ҳәм көшип журиў имканиятынан айрылады. Натурал хожалық өндиристиң мақсетлерин қатаң

шеклеп қояды, өндирис көлем жағынан жудә аз ҳәм ҳәр тәрепleme аз болған зәрурликлерди қанаатландырыў менен шекленеди. Соның ушын да жәмийет әсте ақырынлық пенен товар өндирисине өтеди.

Товар өндирис натурал хожалығының раўажланыўы нәтийжесинде әйемги жәмийет дузиминиң тарқалыўы дәўиринде пайда болған. Товар өндириси, яғный товар хожалығында адамлар арасындағы экономикалық қатнасықлар олар мийнети өнимлерин алмасыў арқалы сәўлеленеди. Товар өндирисиниң натурал өндиристен айырмашылығы соннан ибарат, бунда товар ямаса хызмет өз тутыныўы ушын емес, ал базарда сатыў ушын дөретиледи. Натурал хожалықты қысып шығарыў ҳәм товар алмасыўдың раўажланыў процесси мийнет бөлистирилиўиниң тереңлесиўи, өндиристиң қәнийгелесиўи, жеке мулктиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тийкарында жеке хожалықлардың товар алмасыўға өтиў жолы менен барады. Айырым турдеги өнимлерди өндириўге қәнийгелесиў оларды ҳәр қыйлы өндириўшилер арасында алмасыўды зәрур етип қояды. Қәнийгелесиў болса мийнет өнимдарлығының өсиўине алып келеди, демек, товар алмасыў тек ғана зәрурлик емес, ал пайдалы болып барады. Ўақытты ҳәм материаллық ресурсларды унемлеў нызамы товар хожалығын раўажландырыўдың ҳәрекетлендириўши куши болып есапланады. Солай етип, базардың пайда болыўының ең зәрур шәртлеринен бири еркин алмасыў болып табылады. Себеби, жәмийетлик мийнет бөлистирилиўи, қәнийгелесиў ҳәм экономикалық ғәрезсизликке ерисиў, қанша, ҳәм ким ушын өндириўди ғәрезсиз анықлаў ҳәм машқалаларды шешиў мумкиншилигин береди.

Товар өндириси процесси еки басқышты өз ишине алады:

1. **Әпиўайы товар өндириси.** Бул жерде өнимлер майда өндириўшилер (дийханлар ҳәм өнерментлер) тәрепинен тиккелей еркин алмасыў ушын өндириледи.

2. **Раўажланған товар өндириси.** Бунда товар өндириси жалланба жумыс кушинен пайдаланыўға тийкарланады.

Әпиўайы ҳәм раўажланған товар өндириси басқышлары арасында төмендегише айырмашылықлар бар:

- әпиўайы товар өндирисине өндириўшилерди өндирис қураллары менен бирлестириў мақсетке муўапық. Раўажланған товар өндирисине болса, керисинше, өндириўшиниң өндирис қуралларынан айырылып қалыўы, яғный олардың өз өндирис қуралларынан ажыралып жалланба исшилерге айланып қалыўы мумкин;
- әпиўайы товар өндириси жеке мийнетке, ал раўажланған өндирис болса жалланба мийнетке тийкарланад ы;
- әпиўайы товар хожалығы шараятында дийханлар ҳәм өнерментлер товарларды айрықша ислеп шығарады, раўажланған товар өндиристе болса ҳәр бир кәрханада жалланба исшилер жәмәәт болып мийнет етеди.

Усы айрықшалықларға қарамастан әпиўайы ҳәм раўажланған товардың өндирис басқышлары арасында улыўмалық бар, себеби еки басқышта да бир формадағы экономикалық тийкарға - өндирис қуралларына жеке муликшиликке ийе.

**Т о в а р** - пул байланысларын тусиниўде товардың мазмунын, оның қәсийетлерин билиў зәрур.

**Товар деп -** белгили бир зәрурликке ҳәм қунға ийе болған, алмасыў ушын жаратылған өнимге айтылады. Демек, товардың еки қәсийети бар:

- **бириншиден**, ол адамлардың қандайда бир мутәжлигин қанаатландырады;

- **екиншиден**, ол басқа затларға алмаса алатуғын зат болып есапланады. Басқаша етип айтқанда, товар тутыныў ҳәм алмасыў қунға ийе.

Заттың тутыныў қуны соннан ибарат болып, ол адамлар ушын пайдалы, зәрурий болып есапланады. Ҳәр бир товар белгили бир зәрурликке ийе болып, бирақ бул тутыныў қуны оны өндиргенниң емес, ал алмасыў арқалы басқа адамлардың ықтыяжын қанаатландырады, яғный жәмийетлик тутыныў қуны болып табылады. Тутыныў қуны товарлардың басқа товарларға алмасыў имканиятына ийе болғанлығы ушын ғана, ол өзиниң ислеп шығарыўшысын қызықтырады. Товардың усы қәсийети оның алмасыў қуны атағын алады.

**Алмасыў қуны** - қандайда бир турдеги тутыныў қунының басқа турдеги тутыныў қунға алмаса алатуғын салыстырма муғдары.

Жуўмағы соннан ибарат: өним товар болыўы ушын төмендеги еки қәсийетке ийе болыўы керек:

- тутыныў қунына, яғный инсанның қандайда бир ықтыяжын қанаатландырыўы шәрт;
- алмасыў қунына, яғный басқа товарға белгили бир салыстырма муғдарда алмаса алыўы керек.

## 3.2. Қун теориясының тийкарғы бағдарлары

Товар қунының тийкарында нелер жатады, деген сораўға жуўап бериўде ҳәр қыйлы бағдарлар бар ҳәм олар арасында удайы ҳәр қыйлы қарама - қарсылықлар бар. Биз төменде усындай бағдардағы теориялардың мазмунын келтирип өтемиз.

### Қунның мийнет теориясы.

Бул теорияның тәрепдарларының (Адам Смит, Давид Рикардо, Карл Маркс ҳәм т.б.) пикирлерине қарағанда, товарларды алмастырыў олардың қуны тийкарында әмелге асырылады. Қунның муғдары болса, жәмийетлик зәрурий мийнет шығынлары менен, яғный жәмийетлик зәрурий мийнет ўақты менен өлшенеди.

**Жәмийетлик зәрурий мийнет ўақты** - өндиристиң белгили бир нормал жағдайында ҳәм сол жәмийетте мийнет шеберлиги ҳәм жеделлесиўиниң орташа дәрежесинде белгили бир товар өндириў ямаса тутыныў қунын дөретиў ушын талап етилетуғын жумыс ўақты болып табылады. Товар қунында әпиўайы мийнет сәўлеленеди.

**<u>Әпиўайы мийнет</u> - бул арнаўлы таярлық талап етпейтуғын мийнет**. Бул ҳәр мәмлекетте ҳәр қыйлы өзгешеликлерге ийе. Қурамалы мийнетти әпиўайы мийнетке теңлестириў, базарда индивидуал шығынларды, жәмийетлик зәрурий шығынларға теңлестириў менен бирге алып барыў болып есапланады.

**Тутыныў қуны қалай өлшенеди?** Дана, тонна, метр ҳәм т.б. өлшем бирликлери белгили бир турдеги өнимлердиң сыпат көрсеткишлери бир - биринен көп айырмашылыққа ийе болмаған, талап болса турақлы болған жағдайда ғана қолланылыўы мумкин. Бундай қарама - қарсылықлар өскен сайын бундай өлшемлер жарамсыз болып қалады. Бир тонна руда, егер ондағы сап денениң салыстырма аўырлығы бир қанша айырмашылыққа ийе болса, басқасына эквивалент бола алмайды, аўырлығы бирдей, бирақ ҳәр қыйлы маркадағы цементтиң тури де бир - биринен ажыралып турады. Усындай ҳәм усыған уқсас жағдайларда

товарлардың белгили бир туриниң тийкарғы тутыныў улеслерин сәўлелендириўши басқа өлшем керек болады. Өнимниң тутыныў қунының ол қанаатландыра алатуғын мутәжликке туўры келиў дәрежеси улкен әҳмийетке ийе. Яғный өнимниң пайда келтириў дәрежеси – оның инсан, жәмийеттиң мутәжликлерин қанаатландырыў имканияты қуны муғдарына теңдей етип бөлистириледи.

**Қунның мийнет теориясы тәрепдарлары** - товар өндириси шараятында товар өндириўшилер арасында байланысларды, жәмийетлик мийнетти бөлистириў ҳәм хошаметлеўди тәртипке салыўшы, объектив қун нызамының болыў кереклигин тән алды. Олардың пикиринше, бул нызамға муўапық, товар өндириси ҳәм алмасыў усы товар қуны тийкарында әмелге асырылады.

**Қосымша муғдар пайдасы теориясы.**

Жоқарыда айтып өткенимиздей, қунның мийнет теориясына муўапық, мийнет шығынларының жәмийетлик зәрурий дәрежеси тек ғана базарда, алмасыўда жузеге шығады. Қун тек ғана базарда алмасыў қуны көринисинде өзиниң формасына ийе болады. Қысқаша етип айтқанда, қун өндиристе дөретиледи, базарда болса жузеге шығады. Усы жерде қосымша муғдар пайдасы теориясының тийкарын салыўшылар (Дж. Б. Сей, К.Менгер, Е. Бем-Баверк, Ф.Визер ҳәм т.б.) пикирлери менен қарама - қарсылық пайда болады. Оның мазмуны нелерден ибарат. Егер товар базардан сатып алынса, бул кимниң болсада товар өндириўге кететуғын шығынларын жәмийетлик зәрурий мийнет шығынлары сыпатында баҳалағанлығынан емес, ал усы товар қарыйдар ушын пайдалы нәтийжеге ийе болғанлығы ушын жуз береди, қарыйдар бул товарды қәдирлейди.

Кейинги қосылған муғдар пайдасы теориясы тәрепдарлары, пайдалылықтың еки турин ажыратып көрсетиў керек деп есаплайды:

**а) абстракт пайдалылық,** яғный өнимлердиң адамлардың қандайда бир мутәжлигин қанаатландырыў имканияты;

**б) анық пайдалылық,** бул өнимниң белгили бир нусқасының пайдалылық дәрежесиниң субъектив баҳасын билдиреди. Бул субъектив баҳа еки факторға байланыслы, усы өнимниң бар запаслары ҳәм оған болған мутәжликтиң тойынғанлық дәрежеси.

Кейинги қосылған муғдар пайдалылығы теориясының тәрепдарлары, субъектив пайдалылық муғдарын есаплаўда Г.Госен (немец экономисти, 1810-1858 жыллары) нызамынан пайдаланады. Бул нызамға муўапық, мутәжлик қанаатландырылып барылыўы менен «**тойынғанлық дәрежеси»** өседи, анық қосылған муғдар пайдасы болса туседи («**зәрурий мутәжлик**» дәрежеси).

Демек, ҳәр бир өнимниң ең соңғы қосылған бирлиги, яғный онша зәрур болмаған мутәжликти қанаатландырыўшы бирлигиниң пайдалылығы кемейип барыў қәсийетине ийе болады.

Қун ҳәм баҳа теориясында жаңа бағдарды баслап берген инсан, белгили англичан экономисти А. Маршалл болып табылады. Қосылған муғдар пайдалылығы теориясының бир тәреплилигин, ол қунды тек ғана пайдалылық пенен тусиндирип көрди. А. Маршалл кейинги қосылған муғдар пайдалылық теориясын талап ҳәм усыныс теориясы ҳәм де өндирис шығынлары теориясы менен байланыстырыўға ҳәрекет етти.

А. Маршалдың пикиринше, товар қуны тең дәрежеде кейинги қосылған муғдар пайдалылығы ҳәм өндирис шығынлары менен анықланады. Солай етип, А.Маршалдан баслап экономикалық теорияда қунның негизги тийкарын излеп табыўдан шегиниў ҳәм функционал анализге, яғный бир ўақытта баҳалар ҳәм талап - усыныслардың өз - ара тәсирин анықлаўға өтилди.

### 3.3. Қун нызамы ҳәм оның әҳмийети

Қун нызамы товар өндириўшилерди олардың индивидуал мийнет шығынлары менен жәмийетлик зәрурий мийнет шығынлары арасындағы салыстырмалы байланыс тийкарында бөлимлерге бөледи, шығынларды кемейтиўди қоллап-қуўатлайды ҳәм мийнеттиң өндирис тараўлары бойынша бөлистириўин тәртипке салып турады. Қун нызамы баҳа нызамы сыпатында көринеди. Баҳа тийкарында қун жатады. Қун нызамының ўазыйпасы баҳа қун менен тең болғанда да, олар бир - биринен ажыралып турғанда да әмелге аса береди. **Мәселен**, ең жоқары мийнет өнимдарлығына ерискен өндириўшилер өз товарларын жәмийетлик зәрурий шығынларынан кемирек, бирақ айырым индивидуал шығынлардан жоқары баҳаларда сатыўы ҳәм жоқары пайда алыўы мумкин. Бирақ олардың жағдайын көбирек

қамсызландырылған деп болмайды. Егер олар техникалық ҳәм шөлкемлестириўшилик жаңалықларды қоллап - қуўатламаса, көбирек нәтийже беретуғын өндирис усылларын излеп таппаса, олар бир қанша ўақыттан кейин өз устинликлеринен ажыралып қалады.

Қун нызамын тәртипке салып турыўшы механизм бәсеки гуреси нәтийжесинде базар баҳаларының стихиялы турде тербелип турыўынан, олардың жәмийетлик қуннан ажыралып турыўынан ибарат. Солай етип, товарлар баҳасының олардың қунынан ажыралып турыўы товар өндириўшилердиң қәлеўи менен емес, ал объектив қун нызамының тәсири астында болады.

## 3.4. Ақшаның келип шығыўы, мазмуны ҳәм ўазыйпалары

Ақша узақ заманлардан берли инсанларға белгили. Ақша қалай пайда болған ҳәм қандай тарийхый жолды басып өткен. Ақшаның келип шығыўы ҳаққындағы мәселе ҳәр қыйлы теорияшылар тәрепинен алмасыўдың раўажланыў процесси менен байланыслы екенлигин айтып өткен.

Бир товардың қуны ол басқа товарға алмасқанда белгили болады **(Т–Т)**. Биринши гезекте алмасыў шәртнамасында товарлар бирдей рол ойнағандай болып көринеди. Тийкарында болса, олардың роли ҳәр қыйлы.

## 4. Мийнет базары. Жумыссызлық

Макроэкономикалық машқалалардың көпшилиги мийнет базарында пайда болады. Бул, жумыссызлық машқаласы ҳәм оның экономикалық, социаллық усламалары. Советлер дузими ўақтында мәмлекетте жумыссызлық жоқ деп есапланған еди. Сонлықтан бизиң мәмлекетимизде де жумыссызлық теориясы раўажланбай қалған. Ал өтиў дәўиринде болса бурынғы социалистлик дузимнен шыққан республикалар жумыссызлықтың өсиўине дуўшакер болды ҳәм бул теорияны раўажландырыў машқаласы пайда болды. Қарап шығыўымызды мийнет базарындағы бәнтлик мәселесинен баслаймыз. Ол 7.1-суўретте көрсетилген.




7.1 - сурет. Мийнет базары.

Ордината көшеринде мийнет ҳақының муғдары көрсетилген, абсица көшеринде L жумысшы кушиниң муғдары көрсетилген, ол бәнтлер ҳәм жумыссызлардан ибарат. D ҳәм C қыйсық сызықлары яғный D - мийнетке талапты, ал, C - мийнет усынысын көрсетеди. Мийнет базарындағы теңсалмақлылық жумыс орынлары **(D)** менен жумыс ислеўды қәлеўшилердиң **(C)** санының теңлиги менен характерленеди. Теңсалмақлылық мәнисиниң точкасына реал мийнет ҳақының Y - шамасы туўры келеди. Әмелиятта реал мийнет ҳақы теңсалмақлылықтан жоқарылайды, буннан жумыссызлық бар екенлиги анық болады. Оны жумыссызлықтың кутилиўи деп аталады ҳәм ол узақ муддетке даўам етеди.

Теңсалмақлылығының мәнисин арттырыўшы ҳақықый мийнет ҳақының турақлы дәрежеси болыўының себеби неде? Биринши себеби, көпшилик мәмлекет басшылары мийнет ҳақының минимал шамасын қадағалап барады, себеби ол теңсалмақлылықты асырады. 1938-жылы АҚШ-та мийнеттиң ҳақыйқый шәртлери ҳаққында нызам қабыл етилди, буған сәйкес минимал мийнет ҳақы өндирисин орташа мийнет ҳақысынан **30** проценттен **50** процентке шекем өзгерип турады.

**Екинши себеби**, кәсиплик аўқамларының тәсири, өйткени олар мийнет ҳақыны көбейтиў мәселелерин усынады. Кәсиплик аўқамлар қаншелли тәсир көрсетсе, реал мийнет ҳақы соншелли артады, бул жумыссызлықтың көбейиўиниң және бир шәрти. АҚШ -та жумысшы кушиниң бесинши бөлеги кәсиплик аўқамға бирлескен ҳәм мийнет ҳақы фирма басшылары менен кәсиплик аўқамлары арасында келискен шәртнама тийкарында әмелге асырылады. Ал, Швецияда болса мәмлекет басшыларының қатнасыўы менен миллий дәрежеде анықланады. Сонлықтан да Швециядағы жумыссызлық дәрежеси АҚШ тағыға қарағанда төмен.

**Ушинши себеби**, микродәрежеде ашылады. Фирма ийелериниң пикиринше мийнет ҳақыны көбейтиў қәнийгелердиң жумысының сапасын арттырады, мийнетти интенсивлестиреди, жумысшы кушиниң ағып келиўин азайтады. Ал, бул аталған себеплердиң барлығы жумыссызлықты келтирип шығарады.

Ҳәзирги кунге келип экономика илими жумыссызлықтың уш тийкарғы турин атап көрсетеди:

**1. Фрикцион жумыссызлық -** оқыў орнын тамамлаў, бир жумыстан екинши орынға аўысыў, мәўсимли жумыс пенен байланыслы болған өз еркинше ўақынша жумыссыз болыў.

**2. Структуралық жумыссызлық -** бул экономикада өзгерис ямаса өндиристиң қурамаласыўынан, структуралық қайта қурыў себебинен мәжбурий жумыссыз қалыў. Көплеген экономистлер фрикцион ҳәм структуралық жумыссызлықты бөлип көрсетпейди, себеби жумыссызлар биреўинен екиншисине өтип журе береди. Биракта фрикцион жумыссызлық, **биринширден,** өз еркинше әмелге асса, **екиншиден,** ол жудә аз ўақыт даўам етеди. Адамлар өзлериниң квалификацияси бойынша аз периодта жумыс излейди.

**3. Цикиллы жумыссызлық** - бул экономикалық цикилде пәсеңлеў фазасы менен ҳәм талап топламының қытшылығы менен пайда болатуғын жумыссызлық. Соның менен бирге **жасырын жумыссызлықты да** атап өтсек болады, онда жумысшылар жумыс пенен бәнт болады, ал ҳақыйқатында болса бул өндирис процессине аз жумысшы талап етиледи, бирақ артық адамлар ислейди.

Енди, жумыссызлық дәрежеси тусинигине тоқтап өтемиз. Мийнеттиң халық аралық шөлкеминиң методикасы бойынша жумыссызлық дәрежеси уй хожа-

лықларын периодлы сораў - жуўаптан өткериў тийкарында анықланады. Барлық турғынлар институтционал ҳәм институционал емес категорияларға бөлинеди **(Кестеге қараң).**

Институтционал турғынларға ямаса потенциал исши куши деп есапланбайтуғын шахсларға 16 жасқа шекемги ямаса дузетиў – мийнет колоннасындағы ямаса арнаўлы орынлардағы шахслар киреди, өз гезегинде институтционал емес турғынлар өз бетинше ҳәрекет етпейтуғын турғынлар, бул жумысшы куши болып, ол екиге бөлинеди: **жумысшылар** ҳәм **жумыссызлар**.

**Халықты төмендеги қатламға бөлиўге болады:**

**1. Халықтың бәнт бөлеги -** булар мийнетке жарамлы болған жәмийетлик өндиристиң пухаралық секторында жумыс ислеўшилер. Оларға толық жумыс кушине ийе болмаған исшилер де киреди.

**2. Халықтың бәнт топламы -** бул халықтың бәнт бөлеги ҳәм әскерий хызметкерлер.

**3. Жумыссызлық дәрежеси -** бул исши кушиниң қанша бөлеги жумыссызлардан ибарат екенлигин кө рсетеди яғный:

$$\mathbf{Y,\% = ( Y / L ) * 100\%}$$

**4. Бәнтлик дәрежеси -** бул жумысшы кушиниң қанша бөлеги жумысшылардан ибарат екенлигин көрсетеди, яғный:

$$\mathbf{E,\% = ( E / L ) * 100\%}$$

Көплеген экономистлер экономиканың саламатлылығын баҳалаўда, жумыссызлық ҳәм инфляцияның дәрежеси сыпатында «**кәмбағаллық индексинен**» пайдаланылады. Бирақ бундай есапланған көрсеткишти дәл деп айтыўға болмайды, себеби статистикалық қәтеликлерге жол қойылыўы мумкин. **Мысалға**, жумыс табыўдан умитин узген ҳәм оны излемейтуғын шахслар жумыссызлар қатарына кирмейди. Ал, бәнтлердиң қатарына болса, толық болмаған жумысшы кушине ийе жумысшылар да киреди, бул өз гезегинде жумыссызлар санын азайтады.

**Бәнтлик бойынша халықтың категориялары (шәртли мағлыўматлар)**

| № | Халық топарлары | | Халық саны |
|---|---|---|---|
| 1 | Барлық халық | Барлық халық | 246113 |
| 2 | Потенциал исши куши деп есапланбайтуғ ын шахслар | Институционал турғынлар ямаса 16 жасқа шекемги шахслар | 61500 |
| 3 | Потенциал исши куши есапланатуғын, бирақ исши куши қурамынан шығ ып қалғанлар | Өз бетинше ҳәрекет ете алмайтуғ ынтурғынлар (пенсионерлер, жумыс-сызлар, майыплар ҳ. т.б.) | 62944 |
| 4 | Исши куши - бул ислеўди қәлейтуғын ҳәм ислеў мумкиншилигине ийе шахслар (L) | Өз бетинше ҳәрекет етету-ғын халық | 121699-(халықтың 49%-ти) |
| 5 | Жумысшылар (E) | Халықтың бәнт бөлеги | 14.4968 |
| 6 | Жумыссызлар (Y) | Жумыссызлар | 6701 – (исши ку шиниң 5.5% -ти) |

Ал, жумыссызлық көрсеткишин жәрдем пул алып отырған, жумыс излеп атырман деген аттағылар, бирақ бундай нийети болмаған шахслар жоқарылатып жибереди. «**Жумыссызлық дәрежеси**» тусинигинен «**Тәбийий жумыссызлық дәрежеси**» деген тусиник келип шығады. Бул ҳақықый ҳәм потенциал жәмийетлик миллий өнимниң динамикасы өз - ара сәйкес келетуғын экономикалық раўажланыў ўақтындағы жумыссызлық дәрежеси. Ол **фрикцион** ҳәм **структуралық** жумыссызлықтың суммасынан ибарат болып, **1980–1990** жылларда **5–6** процент әтирапында еди. Тәбийий жумыссызлық дәрежеси жумыс излеўшилердиң саны менен бос орынлары тең болған жағдайда, яғный исши куши базары теңсалмақлық аўҳалда болғанда пайда болады.

## 4.1. Жумыссызлықтың экономикалық усламалары. Оукен нызамы

Жумыссызлық макроэкономикалық машқалалардың бири болып, ол өз ақыбетлерин келтирип шығарады. Енди **Оукен нызамында** көрсетилген жумыссызлық усламаларына тоқтап өтемиз. Жумыссызлық пенен экономикалық функционалласыў арасында өз - ара байланыс бар екенлигин атап өтиў керек.

а) Ресурслардан толық пайдаланған ўақытта, яғный жумыссызлықтың тәбийий дәрежесинде, экономикада – экономиканың өндирислик потенциалы деп аталыўшы **Y*** өндирис көлеми дөретиледи, бунда потенциал жәмийетлик миллий өним фрикцион ҳәм структуралық жумыссызлық шәртлеринде мәмлекеттеги өним ислеп шығарыў көлеми.

б) Ресурслардан толық пайдаланбаған ўақытта, яғный цикли жумыссызлық шәртлеринде экономикада ҳақықый мәниси жәмийетлик миллий өним **(Y)** пайда болады. Ол Y* - дан ажыралып туўрад ы.

в) (Y – **Y***) арасындағы айырма төмендегише аталады:

- ЖМӨ көлеминиң қалып кетиўи,
- ЖМӨ көлеминиң аўысыўы,
- Өнимниң абсолют жоғалыўы – бул экономиканың өндирис потенциалынан толық пайдалана алмағанлығынан жоғалтқан өнимлери, яғный, жумыссызлықтың экономикалық усламалары болып табылады.

Ҳақыйқый статистикалық қатарлардың анализинен жәмийетлик миллий өним көлеминиң қалып кетиўи менен жумыссызлық дәрежеси арасында корреляция бар екенлигин көриўимизге болады:

Жумыссызлық дәрежеси қаншелли жоқары болса, өним жоғалтыў да соншелли көп болады. Яғный, жумыссызлықтың тербелиўи жәмийетлик миллий өним көлеминиң тербелиўи менен байланыслы болады.

Бул ғәрессизликти **Артур Оукен математикалық** турде көрсеткен ҳәм ол **Оукен нызамы** деп аталады:

$$(Y - Y^*) / Y^* = - K * (Y - Y^*)$$

бунда, K- **2,3 -** Оукен коэффициенти деп аталыўшы жәмийетлик миллий өнимге салыстырғанда циклли жумыссызлықтың сезиўшеңлик коэффициенти;

**(Y – Y*) –** циклли жумыссызлық;

**(минус белги) –** Жәмийетлик миллий өним көлеминиң қалып кетиўиниң ҳәм циклли жумыссызлықтың кери байланыслығын көрсетеди.

## Пайдаланыўға усынылатуғын әдебиятлар:

1. Каримов И.А. Ө збекистон келажаги буюк давлат. – Т. «Ө збекистон», 1992.
2. Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳатларни чуқурлаштириш юлида. – Т. «Ўзбекистон», 1995.
3. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бусағасида хавфсизликка таҳдид, бар-қарорлик шартлари ва тараққиет кафолатлари. – Т.: «Ўзбекистон», 1997.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. – Т.: «Ўзбекистон», 1999.
5. Каримов И.А. Ўзбекистон – бозор иқтисодиётига ўтишнинг ўзига хос юли. Т.: «Ўзбекистон», 1998.
6. Абдурахманов Қ.Х. Персонални бошқариш. – Т., 1998.
7. Даниелс М. Международный бизнес. – М., 1995.
8. Мескон М. Основы менеджмента. – М., 1995.
9. Назарбаев О. Менеджмент тийкарлары. – Нөкис: «Билим», 1995.
10. Назарбаев О. Агрономия ҳәм агробизнес тийкарлары. – Нөкис: «Билим», 1998.
11. Тожибаева Д. Иқтисодиёт назарияси. – Т.2003.
12. Улямов С. Основы современного менеджмента. – Т., 1998.
13. Улямов С. «Менежмент асослари». – Т., 1998.
14. Улямов С. «Менежмент ва бизнес асослари», Т. 1997.

Қосымша усынылатуғын Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты китапханасында бар әдебиятлар:

Сабақлықлар

1. Додобоев Ю.Т., Победина М.В. Мировая економика. – Фергана, 1996.
2. Кадыров А., Саидкаримов М. и др. Економическая теория. – Т., 1998.
3. Майк Х. Месқон и др. Современный бизнес. – М.: «Республика», 1995.
4. Расулов М. Бозор иқтисодиёти асослари. – Т.: «Ө збекистон», 1999.
5. Тажибоева Д. Иқтисодиёт назарияси. – Т.: «Шарқ», 2003.
6. Улмасов А. Иқтисодиёт асослари. – Т.: «Меҳнат», 1997.
7. Шодмонов Ш.Ш., Гафуров У.В. Иқтисодиет назарияси. – Тошкент, 2005.
8. Чепурина М.Н., Киселевой Е.А. Курс економической теорий. – Киров «АСА», 1999.

## О қ ы ў   қ о л л а н б а л а р:


1. Гулямов С.С. Инвестициянинг лойиҳавий таҳлили. – Т., 1998.
2. Гулямов С.С. Проектный анализ инвестиции. – Т., 1995.
3. Матекеев А.К., Матекеев Ж. Базар економикасына кирисиў. – Нөкис: – «Билим», 1998.
4. Маркова О.М., Сахарова Л.С., Сидоров В. Коммерческие банки и их операции. – М.: «Банки и биржа», 1995.
5. Маркор`ян Е.А., Герасименко Г.В. Финансовый анализ. – М.,1997.
6. Насратдинова М., Ахмедов О. Бизнес стратегияси. – Т.: «Шарқ», 1996.
7. Сейтмуратов Т., Исмайлов Қ., Байжанов С., Сейлбеков Б. «Басқарыў есабы» курсы бойынша әмелий жумысларды орыылаў ушын методикалық қолланба. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2002.
8. Умаров К. и др. Иқтисодиёт назарияси. «Университет», 2002.
9. Банкроцтва. – Москва: «ПРИОР», 1998.


## И н т е р н е т д а н   ф о й д а л а н и ш и   м у м к и н б ў л г а н   а д а б и ё т л а р:


1. Новости Узбекистана. www.узрепорт.сом
2. «Жахон Банки» мәлумотлари. www.wордбанк.орг
3. “Европа тикланиш ва тараққиёт банки” мәлумотлари www.ебрд.орг
4. «Халқаро валюта фонди» www.имф.орг мәлумотлари.
5. Қақ Запад стал богатым www.сонтр-тв.ру
6. Реферат сайтлар www.5баллов.ру
7. www.сееп.уз, www.беарингпоинт.уз, www.пса.уз ,www.бпвак.сом

**М А З М У Н Ы**


| | |
|---|---|
| Кирисиў | 3 – 5 |
| **Бап -I. Базардың мəниси ҳəм ўазыйпалары.** | 6 – 27 |
| 1.1. Базар тусиниги, мəниси ҳəм этикасы | 6 – 8 |
| 1.2. Базардың ислеўи | 8 – 10 |
| 1.3. Ҳəрекеттеги базардың тийкарғы параметрлери | 10 – 15 |
| 1.4. Базар инфраструктурасы | 15 – 26 |
| 1.5. Базар экономикасындағы баҳалар | 26 - 27 |
| **Бап - II. Талап ҳəм усыныс нызамы.** | 28 – 52 |
| 2.1.1. Талап ҳəм оның əҳмийети, талап нызамы | 28 – 28 |
| 2.1.2. Талап графиги | 28 – 30 |
| 2.2.2. Усыныс графиги | 30 |
| 2.3. Базар теңсалмақлы баҳасы | 32 – 34 |
| 2.3.1. Талап ҳəм усыныстың өз - ара ҳəрекети | 32- 32 |
| 2.3.2. Талап ҳəм усыныстың теңсалмақлылық графиги Талап ҳəм усыныстың өз - ара ҳəрекети | 33 – 34 |
| 2.4. Талап ҳəм усыныс базардағы теңсалмақлылық темасына əмелий шынығыў | 34 – 36 |
| 2.4.1. Талапқа тəсир етиўши факторлар | 36 – 37 |
| 2.5. Усынысқа тəсир көрсетиўши факторлар | 37 – 38 |
| 2.6. Талап ҳəм усыныс өзгериўиниң базар баҳасына тəсири | 38– 36 |
| 2.6.1. Талаптағы өзгериўден келиўши нəтийже | 38 – 39 |
| 2.6.2. Талаптың эластиклиги | 39 |
| 3. Товар, қун ҳəм пул теориялары. | 40 – 47 |
| 3.1. Өндиристи шөлкемлестириўдиң товар формасы, товар ҳəм оның қəсийетлери | 40 – 43 |
| 3.2. Қун теориясының тийкарғы бағдарлары | 44 – 46 |
| 3.3. Қун нызамы ҳəм оның əҳмийети | 46 – 47 |
| 3.4. Пулдың келип шығыўы, мазмуны ҳəм ўазыйпалары …………… | 47 |
| 4. Мийнет базары. Жумыссызлық | 47 – 52 |
| Пайдаланыўға усынылатуғын əдебиятлар | 53 – 55 |

**Дузиўшилер:** Торебаев Онгарбай - э.и.к., доцент
Ибрагимова Саўле Орынбаевна - ассистент
Шамуратова Алима Ҳабибуллаевна - ассистент

# БАЗАР ЭКОНОМИКАСЫ ТЕОРИЯСЫ ҲӘМ ӘМЕЛИЯТЫ

**(талабардың өз бетинше жумысларды орынлаўы ушын методикалық қолланба)**

**Методикалық қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Илимий-методикалық кеңесиниң қарары (27-февраль 2012-жылғы 6-санлы протокол ) менен баспадан шығарыўға усынылған.**

**Тех. редактор: У.Б. Балымова**
**Корректор: К.Кадирниязова**

**Әжинияз атындағы НМПИ редакция-баспа бөлими**

**Әжинияз атындағы НМПИ киши баспаханасында басылған. 2013-ж.**
**Буйыртпа № -------. Нусқасы – 50 дана. Форматы 60х84. Көлеми 3,2 б.т.**
**742005, Нөкис қаласы, А. Досназаров көшеси-104. Реестр № --------.**